Нобэ Налшык щагъэлъапIэ Къардэнгъущ Зырамыку и юбилейр

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№40 (21.198) ● 2008 гъэм мазаем (февралым) и 29, мэрем ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

«2007-2011 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и экономикэм папщIэ кадрхэр гъэхъэзырынымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и программэ» республикэ программэ хэхар гъэзэщIэным хуэунэтIауэ зэфIэгъэкIыпхъэхэм я Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

«2007-2011 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Экономикэм папщIэ кадрхэр гъэхъэзырынымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и программэ» республикэ программэ хэхар (адэкIэ – Кадрхэр гъэхъэзырынымкIэ президент программэщ, Программэщ) тэмэму гъэзэщIэныр къыззгъэпэщын мурадкIэ **унафэ щIы:**

1. Кадрхэр гъэхъэзырынымкIэ президент программэм «Дунейпсо бизнес-школхэм щегъэджэныр къызэрыгъэпэщыныр», «Арбитраж (антикризис) управляющэхэр егъэджэныр къызэрыгъэпэщыныр» унэтIынигъэхэмкIэ хагъэхьэныхэр къыхэзых комиссэм (адэкIэ - комиссэщ) хэтхэр къэщтэн мы Указым и гуэдзным зэритым хуэдэу.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Экономикэ зыужьынигъэмрэ сатумкIэ и министерствэм хуэгъэувын:

Программэм хэтныгъэм я заявкэхэр кьеIыхьныр къызэригъэпащынэу икIи комиссэр хэлпъэн папщIэ аэр щIэ хабзэм тету къыхилъхьэну;

Кадрхэр гъэхъэзырынымкIэ президент программэм ипкъ иткIэ IэщагъэлIэкIэ дунейпсо бизнес-школхэм щегъэджэным, арбитраж (антикризис) управляющэхэр гъэхъэзырыным тетхуэдэ зэгурыIуэныгъэхэм я формэхэр къыщтэну, конкурсым тхьикIыну Программэм хэтынымкIэ хуитынигъэ зыгъуэтахэм зыхуэфащэ зэгурыIуэныгъэхэр ярищынлIэну.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Щэнхабзэмрэ хъыбарегъащIэ Iэнатlэхэмкlэ и министерствэм хуэгъэувын Кадрхэр гъэхъэзырынымкIэ президент программэр зэрагъэзащIэр щIыхьэ хъыбарегъащIэ Iуэхущlапlэхэм къыщыгъэлъэгъуэныр къыдэригъэпэщыну.

4. Мы Унафэм къару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2008 гъэм мазаем и 26-м
№19-УП

(Гуэдзэныр 2-нэ нап. итщ.)

Къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ органу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэхэм я подразделенэ щхьэхуэхэм я лэжьакIуэхэм я къулыкъухэм апэкIуэ улахуэу «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ и органхэм я подразделенэ щхьэхуэхэм я лэжьакIуэхэм лэжьапщIэ зэрырат щIыкIэр гъэтэмэныным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2001 гъэм мэкъуаугъэрщэм и 18-м кьыдигъэкIа Указ №945-мкIэ кьищтахэр хуэдэ 1,15-кIэ нэхъыбэ щIын.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм хуэгъэувын мы Указыр гъэзэщIэным текIуэдзэ ящыщ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым и хьэкIэ къызэригъэпэщыну.

3. Мы Указым къару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ икIи абы и къару ятхуэз 2007 гъэм дыгъэгъазэм и 1-м щыщIэдзауэ щIэ хуэзэ хабзэ зэрыщытыкIэхэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2008 гъэм мазаем и 26-м
№22-УП

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къэрал къулыкъухэр пIалъэкIэ щызыIыгъ щIыхуэр ахъшэкIэ гъэпэжным, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ къэрал граждан къулыкъущIэхэм ахъшэ зэрырат щIыкIэм и Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2007 гъэм бадзэуэгъуэм и 20-м кьыдигъэкIа Указ №947-УП-м щыпхырыкIа зэхэлъхьэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2008 гъэм мазаем и 26-м
№23-УП

Ущыпсэуну шынагъуэ хъуа унэхэм щIыхуэхэр щIэгъэIэпхъуэкIын икIи фэтэр куэд хъу унэхэр сыт и лъэныкъуэкIи зэгъэпэщжын щхьэкIэ Iуэхугъуэхэр лэжьыным теухуауэ заявкэхэр зыгъэхьэзырыну, «ПсэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм реформэ щегъэкIуэкIынымкIэ щIэгъэкъуэн фонд» къэрал корпорацэм ахэр етыну мурадкIэ унафэ щIэ:

1. Ущыпсэуну шынагъуэ хъуа унэхэм щIыхуэхэр щIэгъэIэпхъуэкIын икIи фэтэр куэд хъу унэхэр сыт и лъэныкъуэкIи зэгъэпэщжын щхьэкIэ Iуэхугъуэхэр лэжьыным теухуауэ заявкэхэр зыгъэхьэзырыну, «Псэупlэ-коммунальнэ хозяйствэм реформэ щегъэкIуэкIынымкIэ щIэгъэкъуэн фонд» къэрал корпорацэм ахэр етыну мурадкIэ

2. Комиссэм хэтхэр хущIэхьэ.

3. Мы Указым къару егъуэт абы Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2008 гъэм мазаем и 26-м
№25-УП

(Гуэдзэныр 2-нэ нап. итщ.)

Хэхыныгъэхэр щекIуэкIкIэ, шынагъуэ щымыIэным топсэлъыхь

● Къэрал Iуэхущlапlэхэм

КЪБР-м и Президент Кьанокъуэ Арсен мазаем и 27-м Правительствэм и Унэм щригъэкIуэкIащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щыпащэ антитеррористкомиссэмрэ КЪБР-м и оперативнэ штабымрэ я зэIущIэ, апхуэдэуи Къэбэрдей-Балъкъэрым Экономикэ, жылагъуэ шынагъуэнщагъэмкIэ и советым и зэIущIэ.

АНТИТЕРРОРИСТ комиссэмрэ оперативнэ штабымрэ я зэIущIэм кьыщыпсэлъа, ФСБ-м и управленэу КЪБР-м щыIэм и унафэщI Сердюк Владимир, КЪБР-м къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ и министр Томчак Юрий, КЪБР-м и Хэкъалуэ комиссэм и унафэщI Тупикин Андрей сымэ жалащ Урысей Федерацэм и Президентым хэхыным зыщыхуагъэхъэзыркIэ, хэхыныгъэхэр щрагъэкIуэкIкIэ шынагъуэ щымыIэныр кьыззгъэпэщыным хуэгъэзауэ ялэжь Iуэхугъуэхэр.

ЗэIущIэм апхуэдэуи щедзIуащ терроризм къэмыгъэхъуным, шынагъуэ щыIэныр кьыззгъэпэщыным хуэунэтIауэ Дзэлыкъуэ районым и администрацэм иригъэкIуэкI лэжьыгъэм теухуа доклад.

Экономикэ, жылагъуэ шынагъуэнщагъэмкIэ советым и зэIущIэм республикэм и Iэтащхьэм щыжраIащ 2006-2007 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIэпхьаджагъэм бэнэныгъэ щещIэкIын и лъэныкъуэкIэ лэжьыпхъэхэр» КЪБР-м и Президентым и Указыр гъэзэщIа зэрыхъуар.

КЪБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущlапlэ.

Властым къару егъуэтыж

«Зыуэ щыт Урысей» партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм деIыгъ къэралым зегъэужьыным теухуауэ Путин Владимир къыхилъхьа «Стратегиэ 2020» программэр икIи а документым ипкъ иткIэ, кьабгъэдэхэу къалэнхэр ягъэзэщIэнымкIэ властхэм сыт и лъэныкъуэкIи защIигъэкъуэнущ. Апхуэдэ унафэ кьыщащтащ КЪБР-м и Президент, «Зыуэ щыт Урысей» урысейпсо политикэ партым и Совет нэхъыщхьэм хэт **Кьанокъуэ Арсен** КЪБР-м и Парламентым и Унафэщl, партым и щIыналъэ къудамэм и политсоветым хэт **Бечелов Ильяс** КЪБР-м и Президентым и Администрацэм и УнафэщI, УФ-м и Президентыр хэхыныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ хэхакIэ штабым и унафэщI **Къужэр Альберт** сымэ кIэрихьалIэу партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм и политсоветым мазаем и 27-м иригъэкIуэкIа зэIущIэм.

Политсоветым и секретарь, Къэбэрдей-Балъкъэр къэралым зегъэужьыным теухуауэ академием и ректор **Жэрыкъуэ Борис** къыщыхигъэщхьэхукIащ 2008 гъэм мазаем 8-м Къэрал Советым и зэIущIэм кьыщыщысалъэм Путин Владимир хэIущIыIу ищIа программэм кьигъэув Iуэху нэхъыщхьэр. «Президентым и мурадыр зыхуэунэтIар цIыхухэр зыхуэей хуэзэу икIи щынагъуэншэу щыпсэун, хуиту щылэжьэн хуэдэу Урысейр къэIэтынымрэ, кьулей щынырэ, цIыхухэр Урысейм икIыным и пIэкIэ кьэкIуэну, я бынхэр щапIыну хущIэкъуу щытынырщ». Жэрыкъуэ Борис кьытеувыIащ а планым ипкъ иткIэ зэфIагъэIахэми, дзянэкIэ зэлъэшыхэмэ: «Яп хьэхэнэм, 2000 - 2003 гъэхэм, ди псэукIэм хабзэ пыухыкIахэр хилъхьащ, властым къару игъэтыжащ, терроризмэр кьыжьэдакъуащ, кьэралым и щIыналъэр зэкъуагъэуващ, федеральнэ законхэр ди гъащIэм и лъабжьэ хьужащ, властым и Iнатlэ псоми я полномочиехэр зэрыбелджылащ, экономикэ, политикэ зэпIэзэрытыныгъэ щыIэ хъуащ.

(КIуухур 2-нэ нап.)

Зы щIыхуэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыхуэхэм я социально-демографие гуп нэхъыщхьэхэм ятещIыхьауэ упсэун папщIэ нэхъ мащIэ дыдэу узыщIыхуейр 2007 гъэм и IV мазищым гъэувыным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2008 гъэм мазаем и 20-м №33-ПП

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм упсэун папщIэ нэхъ мащIэ дыдэу узыщIыхуейм и Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №30-РЗ-м, 2005 гъэм накъыгъэм и 18-м кьащтам, ипкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ щIэ:**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм кьыхилъхьауэ, упсэун папщIэ нэхъ мащIэ дыдэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узыщIыхуейр 2007 гъэм и IV мазищым зы цIыхум тещIыхьауэ сом 3034-рэ, лэжьэфыну цIыхум - сом 3240-рэ, пенсионерхэм - сом 2335-рэ, сабийхэм - сом 2951-рэ хъуэу гъэувын.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщl ЯРИН Андрей

Псори зэпашэч

Путин Владимир кьыщыпсэльащ Лъэпкъ проектхэмкIэ советым и зэIущIэм.

Абы жиIащ ахэр гъэзэщIэн и лъэныкъуэкIэ блэкIа илъэситIым лэжьыгъэшхуэ зэрызэфIагъэкIар. «Ахэр зыгъэщIыхьар цIыхупсэ, абы и сэбэп зыхэлъхэрщ. Ахэр пхыдгъэкIын папщIэ дэ псори зэпэтпэчащ. Сэ сыхуейт къэралым и гъащIэм дежкIэ мыхьэн ин дыдэ зиIэ а проектхэр пIалъэ кIыхьым тращыкIыну. Ахэр лъабжьэ хуэхьуфынущ Урысейм и цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным, ди къэралым псынщIэу зиужьыным, кьыхигъэбелджылыкIащ УФ-м и Президентым.

Жьапщэ ин

Камчаткэм уэсыщхуэ кьыщюс, жьынхуэ кьыщюпщэ зы секундым метр 40 и псынщIа-гъыу.

ХитIыгу ныкъуэм и аэропортхэр зэхуэащIын хуей хьауад. Апхуэдэу дуней щытыкIэр щыщIагъуэкъым Свердловск, Курган областхэми. А щIыпIэхэми аэропортхэр щызэхуэщIащ.

Березовскэр ягъэкIуакъым

Дыгъуасэ Куржым щыщIалъхьащ дунейм и щIыхь нэхъ кьулей дыдэхэм ящыщ Патаркацишвили Бадри. Махуэ зыбжанэ и нэкIэ ар Лондон щылIащ.

Патаркацишвили иужьрей гъэзэгуанэм трагъэувэн папщIэ Тбилиси иIащ щIыхь цIыхуэ щIэрыпуэ куэд - Израильм и президент Перес Шимон, Инджылызым и хабзэхьэмэхэм ягу кьызыхуэпIа Луговой Андрей, мелардыпIжьэ Абрамович Роман сымэ. Хьэдэщlэлъхьэм хэтыну хуэсащ нэгъуэщI щIыхь кьулей дыдэ Березовский Борис. Арщхьэкlэ Куржым и властхэм абы визэ иратакъым, кIасэIуэу закъыгъэрыуигъэзар щхьэусыгъуэ ящIри.

Хьэндырабгъуэхэм уемыщакIуэ

Ар дерс яхуэхъуауэ кьыщIэкIынущ Мадагаскарым щаубыдауэ щытта урысей коллекционеритIым.

Абыхэм ящIакъым мащIэ хьуа хьэндырабгъуэ лIэужьыгъуэхэр зэхуахьэсыну хуит зымыщI хабзэ хьтIыгум щыIэу. Абы кьыхэкIыу ягъэтIысат, мазищ кьытралхъэри. ПIалъэ кIыхьтхэкъым, арщхьэкIэ лъэхъэущым кьащытехьа лейр яхуэмышэчу сымаджэ хьуащ - метр зэбгъуэнатIэ тIощIым зэгъэсу щаIыгът цIыху хьщI. Абы щыгъуэми хуабэр градус 28-м и кIэм кьехьыргъкъым.

Дипломатэм я фIыгъкIэ Iуэхур зэфIэха хьуащ.

Игу кьыдэжыркъым

Украинэм и премьер-министр Тимошенкэ Юлие сымаджэщым щIагъэтъуэльхьащ.

Дохутырхэм хуагъэфащэ абы щIыIэ хьыхьауэ. Апхуэдэ щыкIэкIэ, правительствэм и унафэщIыр хэтынукъым Урысеймрэ Украинэмрэ гъэзым ехьэлIауэ яку кьыдэхьуа кьаугъэр зэтеуIэжьыным теухуа зэпсэльэныгъэхэм.

(ИТАР-ТАСС).

Н Ю Б Э

♦Москва, УФ-м и Президентым и администрацэм и пэшыщхьэм «Урысейм и цIыху» саугъэтыр щатынущ икIи «Путиным и лъэхъэнэ» урысейпсо проектыр зэрагъэзэщIам кьрикIуахэр щызэхалъхьжынущ.

♦Совет тхаIуэ, СССР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат Абрамов Федор (1920 - 1983) кьащалъхуа махуэщ.

♦Дыгъэр кьыщIэкIащ сыхьэти 6-рэ дакъикъэ 46-м, кьухьэжьнущ сыхьэт 17-рэ дакъикъэ 55-м.

♦Махуэм и кIыхьагъщ сыхьэт 11-рэ дакъикъи 9-рэ.

Налшык къалэ къыгъэхъэзырар
ШАЛ Мухьэмэд.

(Лъэпкъ Iуущыгъэ):

ЩIэщхъу зыщIэ къыщIэкIуэркъым.

90

Къардэнгъущ Зырамыку. *1988 гъэ*

Адыгэ тхыдэм и бжаблэр зыгъэбжьыфIэ вагъуэ

* * *

ЗЫРАМЫКУ, уэ адыгэ щэнхабзэм хуэбгъэжьар зыгъэтIэфын Тхьэм дищI. Уэ пхуздэ щыIу ди щIыналъэм исыку, ди гуращэхэр кьыдэхьуIэ зэпытынущ.

КIЫЩОКЪУЭ Алим,
Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ усакIуэ. 1978 гъэ.

* * *

ДИ ШЫНЭХЪЫЖЬI Уэ ди лъэпкъым куэд, куэд дыдэ хуэбгъжащ - псоми зэхэтщыкIащэрэт ар. Уи гуащIэмрэ уи лъжьыгъэмрэ адыгэ тхыдэм и бжаблэр зыгъэбжьыфIэ вагъуэщ.

* * *

ЗЫщIыдМЫГЪЭНЩIУ, датхьэкъуауэ додаIуэ уэ жыпIэ уэрэдыжьхэм. Хэкур зыфIэкIуэда адыгэхэм я гур хэзыгъахъуэ, дрэжьгъуэ къезыт фIыгъуэщ уи уэрэдхэр.

КЪУЩХЪЭ Догьан,
уэрэджыIакIуэ, жылагъуэ лэжьакIуэ. Тырку Республикэ.

* * *

УЭ ЖЫПIЭ уэрэдхэр уэр щхьэкIэ, уи макъ дахащэм щхьэкIэ жуасуэ фIэкI щыIэныщхьэркъым. Зэ ззэхтхамэ, уи гум игъащIэкIэ кьоно уи уэрэдри, уи макъ телъыджэри.

БЕМЫРЗЭ Мухьэдин,
Къэрэшей-Шэрджэсым и цIыхубэ усакIуэ. Алий-Бердыкъуэ къуажэ. 1998 гъэ.

* * *

«АДЫГЭХЭМ я уэрэдхэмрэ я пшынальэхэмрэ» я япэ тхылъыр дунейм кьытехьащ (Къардэнгъущ Зырамыкущ зыгъэхьэзыр). Ар щыхьэт тохъуэ фи лъэпкъым Iуэрыдуатэ кьулей, пшынальэ хьэлэмэтыщэхэр кьигъэщIын зэрыхуэзфIэкIам.

КРАВЦОВ Николай,
СССР-м ЩIэныгъэхэмкIэ и Академием литературэмрэ бзэмкIэ и къудамэм, Iуэрыдуатэмкlэ и Советым и унафэщI. 1980 гъэ.

ЩIыхь зиIэхэр

Иджыблагъэ Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм щекIуэкIащ я щIыналъэм и цIэр фIыкIэ зыгъэIуа, абы и зэIуэпэщ псэукIэм зи гуащIэ хэзыльхьэ щIыху пажэхэм дамыгъэ дьапIэхэр, щIыхь тхылъхэр щратыж гуфIэгъуэ зэIущI.

КъШР-м и Президентым и унафэкIэ, ІэнатIэ зэхуэмыдэхэм псэемыблэжьа илъэс куэдкIэ щылэжьа цIыху 32-м цIэ дьапIэхэр фIащащ. Апхуэдэу Урысей Федерацэм и щIыхьыщIэхэр хуагъэфэщащ цIыхуи 4-м.

Къэрал дамыгъэ льагэр - «Хэкум и пащхьэм щиIэ фIыщIэм папщIэ» орденым и II нагьыщэр - иратащ зауэм, лэжьыгъэм, Iэщлкlэ зэщIэуэзда къарухэм, хабзэхьэмэ Iуэхущlапlэхэм я ветеранэм я Къэрэшей-Шэрджэс Республикэ Советым и унафэщI **Балэ Анатолэ.**

КъШР-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ щIэ льапIэр хуагъэфэщащ «Черкесия» журналым и редактор нэхъыщхьэ, ЩIДАА-м и академик **Хъупсырокъуэ Хьызырэ** Къэрэшей-Шэрджэс къэрал технологие академием философиемкIэ и кафедрэм и профессор, ЩIДАА-м и академик **Шенкао Мухьэмэдрэ.**

КъШР-м и Президент **Батдыев Мустэфа** пшыхьым хэтхэм схьэхьауад адэкIи ехьулIэныгъэхэр яIэну, щIалэгъуалэм щытхъэ ахуэхьуу республикэм и зыужьныгъэм иджыри куэдрэ хуэлэжьэну.

БОСТЭН Армидэ.
Черкесск къалэ.

«Урысей - апэкIэ!»

АДЫГЕЙ. ***Правительствэм и унэм щызэхэтащ «Урысей - апэкIэ!» фIэщыгъэщIэр зиIэ республикэ щIалэгъуалэ зэхуэсыр. Ар къызэрагъэлэщащ Адыгейм щIалэгъуалэ Iуэхухэмкlэ и комитетымрэ республикэм и Хэкалуэ комиссэ нэхъыщхьэмрэ.***

АР-м И ПРЕЗИДЕНТ Тхьэкlуэшынэ Аслъэнджэрий зэIущIэм щыжиIащ щIалэгъуалэр политикэм куууэ хэтын зэрыхуейр икIи абыхэм куэдкIэ зэращыгугъыр. «Дэ псоми жэуап дохь ди республикэм щекIуэкIэхэмкIэ, - кьыхигъащащ Адыгейм и УнафэщIым. - Фэ, ныжьыщIэхэр, фыхэмыту, дэ ди жылагъуэм мыхьэнэщхуэ зиIэ зэхъуэкIынигъэ щытхуегъэкIуэкIынукъым».

Зыгъэсэныгъэм щIедзэ

АБХЪАЗ. ***Гьагъэпэм и 1-5-хэм Абхъазым щекIуэкIну зыгъэсэныгъэхэм хэтынущ танк батальон, резервист мини 2, топ зэмылIэужьыгъуэу щэхэр къыщагъэсэбэлынущ.***

АБХЪАЗЫМ зыхъумэжьныгъэмкIэ и министерствэм зэрыщыжаIамкIэ, зыгъэсэныгъэхэм ящыщ зы ныхьэр гъатхэпэм и 4-м щекIуэкIынущ щIыналъэм и Очамчир куэйм. Апхуэдэу кьыхагъэщхьэхукIащ республикэм и дзэхэм я льэщагъэр къызэрапщытэжынымкIэ ООН-м и кIэлъыплъакIуэхэм хьыбар зэрырагъэщIар.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2008 гъэм мазаем и 26-м кымдиэзэкIа Указ №19-УП-мкIэ ккыщ-тащ

Кадрхэр гъэхьэзырынымкIэ президент программэм «Дунейпсо бизнес-школхэм щегъэджэныр кьыхэзгъэпэщыныр», «Арбитраж (антикризис) управляющэхэр егъэджэныр кьыхэзгъэпэщыныр»

унэтIынытхэмкIэ хагъэхьэнухэр кьыхэзых комиссэм хэтхэр

Кьанокьуэ А.Б. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентыр *(комиссэм и унафэщIщ)*

Къэжэр А.Хь.- Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм и Унафэщ Iыр *(комиссэм и унафэщIым и къуэдзэщ)*

Ажахьуэ Къ.М. - «Бум-Банк» ООО комме-рческэ банкым и правленэм и унафэщIыр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и коммерческэ IэхъуцIапIэхэм я союзым и тхьэмадэр («Налшык» бизнес-клуб) *(эзгъэлIуауэ)*

Бышнэ А.А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм финансхэмкIэ и министр

Власов А.А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм и Унафэщ Iм и къуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм къэрал къулыкъым, кадрхэм, щIыпIэ самоуправленэм я IуэхъухэмкIэ и управленэм и унафэщIыр

Жэрыкьуэ Б.Хь. - Урысей Федерацэм мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм и «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и апэ Президент КIуэкIуэ В. М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш академие» щIэныгъэ нэхьыщхьэ щIагъэгъуэт федеральнэ къэрал егъэджIэм и ректорыр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатыр *(эзгъэлIуауэ)*

Къарэмырзэ Б.С. - «Бэрбэч Хь. М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет» щIэныгъэ нэхьыщхьэ щIагъэгъуэт къэрал егъэджIэм и ректорыр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и депутатыр *(эзгъэлIуауэ)*

Кьылышыкьуэ А.И. - хьэрычэт Iуэху мыинымрэ хьэрычэт Iуэху курытымрэ дэIыгъыным теухуа «Урысейм и щIэгъэкъуэн» урысейпсо жылагъэ зэгухьэныгъэм и щIыналъэ кьудамэм и унафэщIыр *(эзгъэлIуауэ)*

Мусуков А.Тл. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм экономикэ зыужьныгъэмрэ сатумкIэ и министр

Тхьэзэпльыж М.Тл. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ Iым и апэ къуэдзэр

Уянаевэ І.М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и чэнджэщзэгъэр

Шыбзыхьуэ М.Б. - «Денеб» ООО фирмэм и генеральнэ директорыр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и опт предприятэхэм я ассоциацэм и тхьэмадэр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатыр *(эзгъэлIуауэ)*

ЩIхьэгъэпсо С.Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр

Эндреев Б.А. - «Налшык» ООО банкым и правленэм и тхьэмадэр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатыр *(эзгъэлIуауэ)*

Ерчэн Т.Хьы. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскыныгъэхэмкIэ и министр.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2008 гъэм мазаем и 26-м кымдиэзэкIа Указ №25-УП-мкIэ ккыщ-тащ

Ущыпсэуну шынагъуэ хьуа унэхэм щIыхуэхэр щIэгъэIэпхъукIын икIи фэтэр куэд хьу унэхэр сыт и лъэныкъуэкIи зэгъэпэщыжьын щхьэкIэ Iуэхугъуэхэр лэжьыным теухуауэ заявкэхэр зыгъэхьэзырыну, «ПсэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм реформэ щегъэкIуэкIыныкмкIэ щIэгъэкъуэн

фонд» къэрал корпорацэм ахэр езытыну комиссэм хэтхэр

Кьанокьуэ А.Б. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентыр *(комиссэм и унафэщIу)*

Ярин А.В. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ Iр *(комиссэм и унафэщIым и къуэдзэщ)*

Атаманенкэ Ю.Н. - Май муниципальнэ районым и Iэтащхьэр *(эзгъэлIуауэ)*

Афащ Iыж Ю.С. - Бахъсэн кьалэ округым и администрацэм и Iэтащхьэр *(эзгъэлIуауэ)*

Афащ Iагъэ М.Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ухэсыныгъэмрэ архитектурэмкIэ и министр

Бэлагы Б.Б. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм промышленностымкIэ, гъэсныныпхъэ-энергетикэ комплексымкIэ, псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министрым и къуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ПромышленностымкIэ, гъэсныныпхъэ-энергетикэ комплексымкIэ, псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министерствэм и департаментым и унафэщIыр

Бышэн А.А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм финансхэмкIэ и министр

Иоаннисян Ж.Ш. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къэрал псэупIэ инспекцэмкIэ и управленэм и унафэщIыр

Къадзэхьу А.Б. - Баксэ муниципальнэ районым и administрацэм и Iэтащхьэм и кьалэнхэр зыгъэзащIэр *(эзгъэлIуауэ)*

Кьудей Р.Хь. - Аруан муниципальнэ районым и administрацэм и Iэтащхьэр *(эзгъэлIуауэ)*

Мамбэт М.Хь. - Шэджэм муниципальнэ районым и administрацэм и Iэтащхьэр *(эзгъэлIуауэ)*

Махуэлі Хь.З. - Дзэлыкъуэ муниципальнэ районым и administрацэм и Iэтащхьэр *(эзгъэлIуауэ)*

Мусуков А.Тl. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм экономикэ зыужьныгъэмрэ сатумкIэ и министр

Пэнагуэ М.А. - Тэрч муниципальнэ районым и administрацэм и Iэтащхьэр *(эзгъэлIуауэ)*

Пунаржи В.И. - Прохладнэ муниципальнэ районым и administрацэм и Iэтащхьэр *(эзгъэлIуауэ)*

Решетняк Л.А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Хъуэныгъэмрэ архитектурэмкIэ и министерствэм и «Хъуэныгъэмрэ хъуэныгъэм ирахьэлIэ псэуалъэхьэхэмрэ къыщIэзыгъэкI промышленностымрэ уасэхэр щыгъэзыгъэнымкIэ республикэ центр» къэрал унитарнэ предприятэм и унафэщIыр

Сириндэ Д.С. - Прохладнэ къалэ округым и administрацэм и Iэтащхьэр *(эзгъэлIуауэ)*

Соттаев Кьу.С. - Iуащхьэмахуэ муниципальнэ районым и administрацэм и Iэтащхьэм и кьалэнхэр зыгъэзащIэр *(эзгъэлIуауэ)*

Темиржанов М.О. - Шэрэдж муниципальнэ районым и administрацэм и Iэтащхьэр *(эзгъэлIуауэ)*

Уянаев К.Хь.-М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм промышленностымкIэ, гъэсныныпхъэ-энергетикэ комплексымкIэ, псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министр

Хьэмгъуокьу Л.Б. - Налшык кьалэ округым и administрацэм и Iэтащхьэр *(эзгъэлIуауэ)*

Чеченов А.А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ Iым и къуэдзэр

Шыхьмырзэ Хь.М. - «Ростехинвентаризация» федеральнэ къэрал унитарнэ предприятэм и къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и унафэщIыр *(эзгъэлIуауэ)*

Щоджэн О.М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Хъуэныгъэмрэ архитектурэмкIэ и министерствэм ухэсыныгъэм кIэлъыплъ и департаментым и унафэщIыр.

Красноярск щекIуэкIа экономикэ зэхуэсыщхьэм езым и экономикэ программэр утыку кьыщрильхьащ япэ вице-премьер Медведев Дмитрий. Мис, кьапщтэмэ, абы жIаехэр...

Лъэныкъуэ псори

Дэ едгъэкIуэкI политикэр, сэ кьыхэзгъэльэгъэмкIэ (абы щIэуэ эыри хэмылъми), тетын хуейщ псэукIэ нэхьыфI дыдэм хущIэкъуэ дэтхэнэ ящхьей кьэралми иригъэкIуэкI лэжьыгъэм и тегъэщIапIэ нэхьыщхьэм. А тегъэщIапIэр «Уи щхьэ ухуимытыным нэхьрэ щхьэхуитныныгъэр нэхьыфIщ» жиаэ хэтIэпи. Аращ щIыхур дуней ем зэрытетрэ игъэбелджылагъ гупсысэ нэхьыщхьэр. Абы кьыхэзыгъэщхьэ щхьэхуитныныгъэм и лъэныкъуэ псори: дэтхэнэри и щхьэ хуитныкъу щытыпри, экономикэ щхьэхуитныныгъэри, щIыхур зэрыхуейуэ дунейм тетыпри.

Иджыдей зэманым кьалэн нэхь ин дыдэу кьызэольытэ щхьэхуитныныгъэмрэ жылагъ уэм и хабзэхэмрэ зэгъэуIуныр. Абы теухуауэ Екатеринэ ЕтIуанэ пащтыкIыныхуэм итхауэ щытащ: «Щхьэхуитныныгъэрщ дунейм и псэр, арыншамэ гъащIэ щыIэкъым. Сэ сыхуейщ псори хабзэм щIэтыну, ау э зэхуэн унэIутхэм я хабзэу щыт хьунукъым».

Судхэр

Псом ящхьей дэ кьыхэзгъэкIыпхъэщ «телефонкIэ» и «ахьшэкIэ» унафэ мыхьэхэр кьыхэзгъэщтэр. Абы зэрыщыту жылагъуэр, псом ящхьей щIэхэм я корпорацэр», судыщIэ псом я зэгъэзэныгъэр тегушхэзныгъэрэ жэуапльныгъэрэ яхэльу бгъэдыхьэн хуейщ.

ЕтIуанэрауэ, судхэм захуагъэм и кьаемыгъэ гъэнэфагъэ кьызэрыщытым е хэмылIпъэрэ Iуэхухэр кIэщуэщ зэращIам кьыхэхIыу щыIухэм, организацэхэм я гъуэгуанэ кьызэрыщытым и къэрал ахьшэ зэрыщIэнымкIэ хэзгъэкIыжыну хуейщ. Икли а хабзэр дэтхэнэ Iуэхуми ехьэлIауэ я кьагъэсебэпу, ахьшэрэ я мурадым папщIэ кьызэрагъэпэща фонд хэхам и хьэкIэкIэ хуапшынкьуэ щытыпхьэщ.

Ещанэрауэ, суд лэжьыгъэм пыщIа ткIийгъыр адэжи кьэгъэтIэсхьэн хуейщ, псом ящхьэ унафэ къэщтэным нэсыхуэ кьуанщэу гурыщхъэ зыхуащIыр зэрагьиГыр кьэгъэщхьэмыр, ягъэтIысхьэу щыхъэм, ягъэтIысхьэу щыхъэм я Iуэхур егъэфIэкIуэным я къэкIыкI. Лъабжьэ нэс ямыIэу уголовнэ Iуэхуэхэр кьызэрызэIуахьыр икIи кьуанщагъэ зэрыщымыIэм кьыхэкIыу ахэр зэрызэхущIыжкыр кьызэрапщытэ Iэмалхэр зэтегъэувапхъэщ.

ИкIэм-икIэкьым, судым нэмысу е суд унафэ хэмыту зэгурымыIуэныгъэр зэрыдагъэкI щIыкIэм зегъэужьыным хуейщ.

●Хэхъныгъэхэр-2008

Медведев Дмитрий - дяпэ илъэсиплIкIэ и мурадхэм ятеухуауэ:

«Уи щхьэ ухуимытыным нэхърэ, щхьэхуитныныгъэр нэхъыфIщ»

Уней мылъкур

Къэрал политикэм и хабзэ нэхъыщхьэхэм ящыщ хъун хуейщ уней мылъкум пщIэ хэущIыныр... НэгъуэщIым и мылъкум, и гуащIэм пщIэ зэрыхуэмыщIым и щыкъэт наIуэ-кIэщуэщ зэращIам кьыхэхIыу щыIухэм, организацэхэм я гъуэгуанэ зэрыщIэнымкIэ зэрыхьэ гъэщIэкъуэн хуейщ.

Етгъанэрауэ, судхэм захуагъэм и кьаемыгъэ гъэнэфагъэ кьызэрыщытым е хэмылIпъэрэ Iуэхухэр кIэщуэщ зэращIам кьыхэхIыу щыIухэм, организацэхэм я гъуэгуанэ зэрыщIэнымкIэ зэрыхьэ гъэщIэкъуэн хуейщ. Икли а хабзэр дэтхэнэ Iуэхуми кьыхэкIыу щыIухэм, ехьэлIауэ я кьагъэсебэпу, ахьшэрэ я мурадым папщIэ кьызэрагъэпэща фонд хэхам и хьэкIэкIэ хуапшынкьуэ щытыпхьэщ.

Ещанэрауэ, суд лэжьыгъэм пыщIа ткIийгъыр адэжи кьэгъэтIэсхьэн хуейщ, псом ящхьэ унафэ къэщтэным нэсыхуэ кьуанщэу гурыщхъэ зыхуащIыр зэрагьиГыр кьэгъэщхьэмыр, ар зыбгъэдэлъыр кьэльитэныр и лъабжьэу адэжи кьэгъэтIэсхьэн хуейщ, псом ящхьэ унафэ къэщтэным нэсыхуэ кьуанщэу гурыщхъэ зыхуащIыр зэрагьиГыр кьэгъэщхьэмыр, ар зыбгъэдэлъыр кьэльитэныр и лъабжьэу адэжи пытщэн папщIэ иджыпсту диIэщ зыхуэбгъэдэн щымыIэ хэкIынIэкэр.

Гъуэгух эр

Псори дызыщыгъуэзэу Урысейм щыIэ мыхъумыщIагъэхэм я зыужьныгъэ, ящыщ хъун папщIэ кьыхэзольхьэ дэ зыкьомрэ дгъэунэхуа лъэныкьуэм хуэунэтIаУ ящ лъэбакьуэр тчыну - иджыпсту щыIэ Iэнатlэ зэхэмыбзэхэм я пIэкIэ кьэралым Iэщlэлъ акционер зэгухьэныгъэ кьызэрагъэпэщыну икIи абы и лэжьыгъэр тэмэму унэтIа хуэн папщIэ а зэгухьэныгъэм теуХуа закон щхьэху я кьащтэну. Ар кьэралым заказчикыу кьэуувыфынут икIи гъэ кьэс зыхуеину бюджет ресурсхэр зэрыхуэхьаныкъуэкIыу зэман кIыхьым тещIыхьауэ рынокым ахьшэ кьыщIэщIигъэуIу эфынут, инвестицэ проект инхэри пхигъэкIыфынут. Ауэ а псомкI кьадэкIуэу, ар езыр х озяйствэ лэжьыгъэхэм кьапигъэщхьэхухIын хуейщ. А лэжьыгъэхэмкIэ зэпеуэфын кьэруэр рынокым щыIэтеуваш. КомпаниемкI и кьалэн нэхьыщхьэр зытеухуахьэр гъуэгуэр щыIнымрэ кьэгъэсэбэпныныгъэ япыщIа лэжьыгъэхэр унэтIынырщ.

Кьэралым и кьалэнщ езыхэр зыхуей поликлиникэр, зрагъэIэзэну дохутырыр, страховой компаниер кьыхахьын папщIэ щыкъухэм Iэмалхэр кьахуэзэригъэпэщыну. ИкIи налогтыу сбор зэмылIуэужьыгъуэу щыхум кьыIахар дохутырым зэрыIэрыхьэпхъэр районым узынщагъэр хьумэныжкIэ и Iэнатlэр зезыхьэ кьулыкъущIэм и нэфI зэрыщыхуам е сметэм зэрритым тегукьым, атIэ сымаджэм Iуэхутхьэбзэ тэмэмхэр зэригъэуэтым тещIыхьауэ щыIу.

Абы папщIэ кьыщэгъэпэщыпхъэщ кьэралми уней фондхэми кьабгъэдэкI ахьшэр зэIуахуэ икIи хабзэм кьезэгъыу зы мурадым зэрытрагъэжIуадэ Iэмалхэр. Абы и лъэныкъуэкIэ апхуэдизу куэд ельытауэ щытын хуейкьым щыхум кьыхихьа клиникэр муниципальнэу, федеральнэу е унейуэ зэрыщытым, ар езы щыхур зыдэс кьалэм е нэгъуэщI щыпIэ зэрыщыIым. А ахьшэр езым - дэ ди щыхум - ейщ икIи ар кьызэригъэсэбэпыну щыкIэм езыр хуитыжщ.

ПсэупIэр

Совет зэманым кьызэрагъэпэщауэ щытащ щIэгъэхуэбжьауэ псэупIэхэр ящыщ папщIэ кьагъэсебэп бетон пкьыгъуэхэр кьыщIэзыгъэкI унуэхуэ комбинат инхэр икIи а Iуэхум а зэманым мыхьэнэшхуэ иIащ. Иджы дэ зэтедгъэувэн хуейщ унагъуэхэм папщIэ уней щхьэхуэхэр зыубгъауауэ ухуэным хуэщIа индустриальнэ Iэнатlэ. Апхуэдэ унэр кьалэм щыIэ фэтэрым нэхьрэ пуду икIи кIуэтэху щыху нэхьыбэм, ауэ сытми псэупIэ кьудей мыхьуу, унэ щхьэжуэрэ щы кIаепэрэ кьащхьэуфын хуэдэу щIын хуейщ.

Езыхэм я ахьшэ гъэтIылъыгъэхэр, ипотекэм и Iэмалхэр, апхуэдэу къэралым и дэIэпыныгъэхэр кьагъэсебэпуэрэ псэупIэ кьащыщыщхьэ уфныгъэр. Иджыпсту апхуэдэхэр зэрыхьур процент 20-щ.

ТВ-мрэ Интернетымрэ

Бжьыгъэ технологиехэр я лъабжьэу икIи кьэкIуэну зэманым езэгъын лъэпкъ стандартхэм тету ди къэралым и щIыналъэ псоми щыIэтегъуэвэн хуейщ щIыхь и псынщIэу, зэблэу кьыхэмыкIыу жэщми махуэми информацэр кьызэригъэсебэпыфын системэ.

Зи гугъу сщIыр телерадиовещанэмрэ Интернетымрэщ, сыту жыпIэмэ дэ псоми фIыуэ кьыдгуроIуэ: дяпэ илъэси 5-7-кIэ а тIуми зэщхьщыкIныгъэ яIэжьнукъым. Зи гугъу сщIыр егъэджэныгъэр, щIэныгъэр, щIыхуэхэм игъащIэ лъандэрэ зэрагъэпэща информацэ кьулеигъэр кьэгъэсэбэпыныр, кьалэ абрагъуэжьм я мызакъуэу, дэтхэнэ кьалэ кьызэрыIэжIми, поселкэмэ уеблэмэ, унагъуэми лэжьапIэ Iэнатlэхэр кьыщыщэгъэпэщыныр. Цыхубз хьыбарегъащIэ Iэнатlэм и дэтхэнэ Iыхьэми зекъуэжьныр, ар кьэгъэсэбэпыгъуэафIэ щыныр.

Егъэджэныгъэр

Уней ахьшэу егъэджэныгъэм, узынщагъэр хьумэным, пенсэхэм папщIэ кьагъэсебэпыр хэхъуэм техуэ налогым щыщу ягъэкIуэдым хэгъэхьэпхъэщ, абы нэхъ кьызэрезэгъэкIи икIи Iэмал зэрилъэкIэ нэхьыбэу щхьэщахьпхъэщ зыуэ щыт социальнэ налогымрэ щыIу щхьэхуэхэм я Iэ хэхъуэм техуэ налогымрэ. Сэ кьызольытэ кьомрэ дгъэунэхуа лъэныкьуэм хуэунэтIаУ я Iэнатlэ зэхэмыбзэхэм я пIэкIэ кьэралым Iэщlэлъ акционер зэгухьэныгъэ кьызэрагъэпэщыну икIи абы и лэжьыгъэр тэмэму унэтIа хуэн папщIэ а зэгухьэныгъэм теуХуа закон щхьэху я кьащтэну. Ар кьэралым заказчикыу кьэуувыфынут икIи гъэ кьэс зыхуеину бюджет ресурсхэр зэрыхуэхьаныкъуэкIыу зэман кIыхьым тещIыхьауэ рынокым ахьшэ кьыщIэщIигъэуIу эфынут, инвестицэ проект инхэри пхигъэкIыфынут. Ауэ а псомкI кьадэкIуэу, ар езыр х озяйствэ лэжьыгъэхэм кьапигъэщхьэхухIын хуейщ. А лэжьыгъэхэмкIэ зэпеуэфын кьэруэр рынокым щыIэтеуваш. КомпаниемкI и кьалэн нэхьыщхьэр зытеухуахьэр гъуэгуэр щыIнымрэ кьэгъэсэбэпныныгъэ япыщIа лэжьыгъэхэр унэтIынырщ.

Узыншагъэр хьумэныр

Кьэралым и кьалэнщ езыкъуныгъэр кьагъэсебэпуэрэ, рынокым псэупIэ кьыщызыщхьэфынуэхэр 2012 гъэм ирихьэлIэу процент 35-м нэгъэсыхуейщ. Ауэ а бжьыгъэр процент 60-70-м, нэгъуэщIу жыпIэмэ, ди къэралым щыIэтеуевэну классэ курытым иубыдыну Iыхьэм, нэблэгъапхъэщ. 2012 гъэм щыщIэдзауэ дэ дыхуэкIуэн хуейщ щыху кьэс тещIыхьауэ ильэсым псэупIэ зыри мэтр зэбгъуэзэнатlэ мынэхъ мащIэ уху-эным теухуауэ зыхуэдгъэувыжа кьалэныр гъэзэщIэным.

Кьэпсэльэн щхьэным вице-премьерым аргуэру зэ кьыхьэгъэщхьэхуIащ зи гугъу ищIа Iуэху нэхьыщхьэхэр.

ИльэситI-щы зэпэ кIэщ едгъэжьа проектхэр адэжи зэрыдгъэзэщIэнум кьыдэкIуэу дэ кьару псори хуэзэщIэдгъэуIуэн хуейщ ильэсиплIым кьрирубыдэу дызытелжьэну унэтIныныгъэу «и» хьэрфиплI жаIэу зыфIащахэм: институтхэм, инфраструктурэм, инновацэхэм, инвестицэхэм.

А Iэнатlэхэм дэ кьыщытпэщIтщ:

хабзэр кьызэзырамыдзэр кьыздэнэкIыну. Гульытэ хэха хащIынущ законхэм я фIагьымрэ ахэр тэмэму кьызэрагъэсэбэпымрэ,

административнэ льэпокIэхэпхэр нэрылъагъуу дгъэмэщIэну,

инновацэ Iуэхур дэгъэкIыным, уней инвестицэхэр щыхуэхэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным тегъэIуэдэным ахуэгъэзаэу налогхэр дгъэмэщIэну,

дуней псом финанс зэпIэзэрытыныгъэ щыIным и лъабжьэхэм ящыщ зы хъун хуэдэу финанс системэ лъэщ зэтедгъэувэну. Сомыр щIыналъэхэм я гъэтIылъыгъэ валютэхэм ящыщ зы тщIыну,

транспортымрэ энергетикэмрэ я инфраструктурэхэр кьэдгъэщIэрэщIэжыну. КьэкIуэну зэманым езэгъын телекоммуникацэ инфраструктурэщIэ кьыззэдгъэпэщыну,

лъэпкъ инноваци системэм и лъабжьэхэр зыужьныгъэм и программэр дгъэзэщIэну.

2012 гъэм ирихьэлIэу процент 35-м нэсын хуейщ ди щыхуэхэм ящыщу езыхьэ я ахьшэ гъэтIылъыгъэхэр, ипотекэм и Iэмалхэр, апхуэдэу кьэралым и дэIэпыныгъэр кьагъэсебэпуэрэ рынокым псэупIэ кьыщыщхьэщхьэ уфныгъэр. Иджыпсту апхуэдэхэр зэрыхьур процент 20-щ.

Властым къару егъэтыж

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

ЕтIуанэ лъэхъэнэм, 2003-2006 гъэхэм, кьалэн пэрытхэр гъэзэщIэным ресурсхэр хуэзэщIагъэуIуаф, энергиер щэным кьыпэкIуэ хэхъуэщхъэхэр, зэман кIыхькIэ олигархэмрэ нэгъуэщI кьэралхэм я компаниехэмрэ зрагъэльэфаIэу екIуэкIахэр, къэралым ис псоми я фейдэ зыхэлъхэм трагъэкIуэдауэ щIадзащ. Бюджет гъэтIылъыгъашхэ зэтралъхьащ, лъэпкъ проект пэрытхэр агъэзащIэу, сымаджэщхэр, школхэр, псэупIэ унэхэр, гъэрагъэр ящхьей, зыужьыным хозяйствэм зрагъэужьу хуежьащ. Ещанэ лъэхъэнэм дыхьыжащ 2007 гъэм. Урысейр яхуэзэк экономикэ, политикэ зыужьныгъэхэрэлми зиIэ къэралхэм мылъку зэрызэхуахьасэм, зэман кIыхьым тещIыхьа социальнэ программэхэр ягъэзащIэу зэрыхуэжьам я фIыщIэкIэ къэралым теплъэщIа иIэ мэхъу. Иджы дэ тхьэмыщкIагъэр кьызэдэнэкIыну, щIыхуэхэр ириткьуу иджыдей псэупIэ унэхэмкIэ кьызэдгъэпэщыну, егъэджэныгъэмрэ узынщагъэр хьумэнымрэ я фIагъыр кьэтIэтыну кьэштэщIытщ.

Жэрыкьуэ Борис кьызэрилъытэмкIэ, мы планыр гъэзэщIэным Урысейр хуиshэнущ технологие парытхэр кьагъэгъэсэбэпыным, цIыхухэм псэукIэ тэмэм кьахуэзгъэпэщыным: «Иджыпсту кьэралым зэрызиужь псынщIагъым тету екIуэкIмэ, ильэсипщI хуэдизкIэ дэ дынэсынущ кьэрал нэхъ пэрыт дыдэхэм мы зэманым щыIэ псэукIэм. Ауэ абы папщIэ властым политикэ тегушхуэныгъэ хэлъын, жылагъэм лэжьыгъэшхэр щрагъэжIыкIэкIын, псоми гугъу зедгъэхьын хуейщ».

Кьаноныуэ Арсен кьыхэгъащхьэхухIащ властым дяпэкIи иджыпсту зытет Iуэгум зэрытемыкIыным кьыхэкIыу, социально-экономикэ зэхъуэкIыныгъэхэм зэрыпахэм я компаниехэмрэ щэнур, кьэрал кIуэц политикэмэ кьэралым щыIэ политикэми екъуIэныгъэщIэхэр кьаэзрыдэкIуэнур: «Властым Бюджет гъэтIылъыгъашхэ зэтралъхьащ, лъэпкъ проект пэрытхэр агъэзащIэу, сымаджэщхэр, школхэр, псэупIэ унэхэр, гъэрагъэр ящхьей, зыужьыным хозяйствэм зрагъэужьу хуежьащ. Ещанэ лъэхъэнэм мытынышм Урысейм и кIэн кьыкIащ къэралми абы и дэтхэнэ щIыналъэми я Iуэхур егъэфIэкIуэным кьарууэ иIэр езыхьэлIэ Путин Владимир ди Президенту зэрыпэжьам я фIыщIэкIэ. Къэрал Советым и зэIущIэм кьыщыщыпсалъэм абы хэхауэ гу лъыдигъэтащ щIыналъэ политикэр егупсысауэ зэрегъэкIуэныгъэр, УФ-м и субъект кьыкIэрыхуэхэр нэхъ пашэхэм ялъэщIэгъэхьэжьын зэрыхуейм. Федеральнэ центрым и нэIэр зэпымыууэ ятригъэтщ нэхъ ящхьэ кьинаэхэм икIи ахэр Iуэхум трегъэгушхуэ, финанс дэIэпыкьуныгъэ яретI».

Республикэм и Президентыр хэхауэ телсэлъыхьащ «Стратегия-2020» программэм кьыщыгъэлъэгъуаехэм тету республикэм зэрызиужьыну стратегиер зэрызэрагъэзэхуэжьыным: «Къэбэрдей-Балъкъэрым нэхъ пэщIэу икIи нэхъ тэмэму зедгъэужьыныкIэ Iэмалхэр щыIэщ. Абы папщIэ, сэ кьызэрыслъытэмкIэ, сату-экономикэ зэпыщIэныгъэхэр къэралым и субъектхэм я мызакъуэу щыIэщ кьэралхэми ахуди Iэпхъэщ. Абы федеральнэ центрыр арэзы тезхьащ, УФ-м Нэгъуэщ Iэкъуэ IуэхухэмкIэ я къэрал IуэхухэмкIэ и министерствэри дяпэкIэ кьыддэIэпыкъунущ. Иджыпсту нэгъуэщI къэралхэм я гъэкIуэным захудогъаз икIи допсалъэ, иджырей технологиер кьызэрыщIэхунум яужь дитщ. Иджыблагъэ КъБР-м и делегацэр Тыркум щыIащ. Мы къэралым и щIыналъэ псоми промышленнэ щIыналъэхэр кьыщIэзрагъэпэщ икIи ар дэIэпыкьуэгъуэшхэ мэхъу иджырей промышленность зыужьа зэтегъэувэнымкIэ. Мыбы уэзпIэныни щапхъэ зытепхыни щIыщIэ. Зы промышленнэ щIыналъэ закьуэм цIыху мин 40 щопаIэ хьэ, абы кьыщыщIагъэкI продукцэм и процент 70-р нэгъуэщI къэралхэм щащэ. Ар сэ УФ-м и Правительствэм и Унафэщ Iэубков Виктор хэсIуэтэжащ икIи абы ещхь зыгуэр ди республикэм кьыщыззэгъэпэщыну сызэрыщIэхъуэпсыр жесIащ. Абы си псалъэхэр кьыздиIыгъащ икIи зыкьытщIигъэкъуэну сыкьигъэгугъащ. Иджы нэхъ щIэгъэхуэбжьауэ мы Iуэхур пхыгъэкIыным щIэддзэну кьыщIэкIынщ. Дэ Тыркум щыщ инвесторхэр кьедгъэблэгъащи, ахэр мэлыжьыкьэ мазэм ди деж кьэкIуэнущ. Зыхуэфащэ инфраструктурэкIэ кьызэгъэпэща псэуалъэхэр кьахуэдгъуэтмэ, ахэр ди деж щыIэжьэну тегушхуэнущ. Газым-рэ электрокъарумрэ ди деж щынэхъ пудщ, лэжьыгъэм хуэIэкIуэлъакIуэ щIыхуэхэр диIэщ. НэгъуэщIу жыпIэмэ, дэ сыткIи лэжьэкIащIэм дыхуэIащ, республикэм исхэм псэукIэ тэмэм кьахуэзгъэпэщыным ди гур етащ. ЕгупсыныгъэтэхэлIу Iуэхум дыгъэбжьэмэ, ди щIыхуэхэм лэжьапIэкIи лэжьапIащIэ тэмэму кьызэздгъэпэщыфынущ».

Кьаноныуэ Арсен жиащ республикэм зэрызиужьынымкIэ Стратегиер зэман гъунэгъуэм кьриубыдыну агъэзащIэу зэрыщIадзэнур. Абы папщIэ Iэмал псоми щыIэщ: «Федеральнэ центрым ди гугъуэхэр кьыгуроIуэ, ар сыт и лъэныкъуэкIи кьыддэIэпыкъуну хьэзырщ. Республикэм игъэутыну зыужьныгъэр зэлъытар дэ лэжьыгъэм дызэрыхуэIэкIуэлъакIуэмрэ ди егугъуныгъэмрэщ. Промышленнэ комплексыр иджырей технологиехэм хэзгъэкIуэн икIи Урысейм зэрызиужьыну стратегие планым езэгъыу лэжьэн хуейщ. Дэ ди кьалэнщ ящэ ищ щIыналъэхэм дальэщIыхьэжьыну. Абы папщIэ зэкъуэтIныныгъэрэ зэгурыIуэныгъэрэ тхэльу ящкIэ дыкIуэтэну кьытпэщытщ».

ЗэIущIэм и кIэухым Къэрал Думэм и депутатхэр хэхьанымрэ ныкъуэм зыхуэгъэхьэзырынымкIэ, а хэхьныгъэхэр егъэкIуэныныкIэ ехъулIэныгъэ зэрагIам папщIэ УФ-м и Президент Путин Владимир къахуигъэхьа фIыщIэ тхыгъэхэр Кьаноныуэ Арсен яритыжащ Жэрыкьуэ Борис, парт пэмыгъэмкIэ абы и къуадзэ, Лэскэн муниципальнэ районым и Iэтащхьэ ЛIыхъугу Хьэжмурид, КъБР-м и Парламентым и депутат, «Зыуэ щыт Урысей» партым и Iуащхьэмахуэ район ис-

(КІэлъыкІуэр. Пэщіэдзэр №№38-39-м итц).

- Хьерщ, бжьыхьэм фыкъакІуэ! Кьыт-хуиІэну щытамэ, пІалъэ етІуанэ кьыт-хуиІэнтэкъым, жьфІэ у, нэгъэущІ зы-гуэрым де ж фымыкІуэ! - жиІэри Кушыку къэущІ щыІэкІыжащ.

ХьэщІэхэр аргуэру Кушыку и хьэщІэ-щым зы жэщкІэ щІэсыкри, пщэдджь-жьым екъэжащ.

Зэанэзэкъуэр я гъуэгу тету здэкІуэ-жьым, анэм жиІащ:

- Алыхь, пщы уэлийм тхуэфащэу ды-къиутІыпщыжам. Зы махъсымэ кхъуэ-щын тІэщІэмыту и пащхьэм дихьащ. Ар щхьэ дигу кьэмыкІаРэ? Ди напэр ди Іэкіэ тетхьажащ.

- Уэлэхъэ, ди анэ, пщы уэлийр уи махъ-сымэ кхъуэщын хуэмыныкъуэ. Бжьы-хьэм фыкъакІуэ щІыкІар, бжьыхьэр гъэм и бэвыгъуэщ, бжьыхьэм кьыпхуа-щІэну кІехьэлІэжІынукъыми аращ.

- Алыхь, сэ абы фІэмІа апхуэдэ напэ-тех сымыщІэн. Мэрэмэжьей хуэсщІынщи кьыхуэсщэнщ, - жиІащ анэм.

Фызыр зэрынэсыжу и махъсымэр эзэщІльхьащ.

ТхьэмыщкІэм дежкІэ зэманыр кІыхьІыхьу, г угъуСІэ уу кІэ щхьэкІэ, пщы уэлийм дежкІэ вагъуэжку екІуэ-кІащ. Бжьыхьэ хьури, Кушыку и щэкІуэ-гъуэ зэманыр кьихьащ. Кушыку и хабз-зэт щэкІуэгъуэ зэманыр кьыззрысу гупышхуэ и гъусэу мэзым щІыхьэрэ тхьэ-мафу э-тхьэмафитІкІэ щакІуэу щэту. Ара-ти, Кушыку и щІыхухэмрэ и хьэхэмрэ щІыгъуу мэзым щІыхьащ. Модэкіэ Джы-лахьстэнеи щІыхубзым и мэрэмэжьейр зэщІихщ, пІащІэрэ гуащІэу чеишхуэм кьрикІэщ, и щхьэр игъэбыдэжщ, хьэм-кІэшыгум кьригъэувэри, зэанэзэкъуэр гъуэгу кьытеуващ.

ХьэмкІэшыгум и шэрхьэр ину кІыр-гъэу кьакІуэурэ, Арщыдан гъуейм кьы-щыпхрыкІым, щакІуэу мэзым щІэт Кушыку и гупым зэхахри, «Псы кьабзэ и ныгъмэ, дефэнт», - жаІэщ, кьащІэкІэри кьыпэуващ. ХьэмкІэшыгури, кьакІуэурэ кьэсри, кьэувыІащ.

Кушыку гузбэнэч щыгъщ, и жьакІэри зэщІэкІащ, блэрбанэу хуэпащ.

Зэанэзэкъуэр зэрилъагъуу, Кушыкум кьицІыхужащ.

Джьлахьстэнеи щІалэжьым Кушыкур кьицІыхужакъым. Абы и гугъащ абрэдж гуп кьахуэзэуэ.

- Дэнэ укъикІрэ, дэнэ укІуэрэ? - жери, щІалэжьым Кушыкур еупщІащ.

- Жанхъуэтыкъуэ Кушыку пщы уэлийм и деж сокІуэ? - жиІащ щІалэм.

- Сыт пщы уэлийм и деж ущІэкІуэр! - жиІащ Кушыку.

- Абы уи Іуэхуу хэльыр сыт? Мэрэмэ-жьей ху зошэ езгъэфэну.

- Ар тэмэму уощІэ, щІалэ. Пщы уэлийм хуэфащщ мэрэмэжьей хуэпшэну. Дэ псы дыхуэлащІэ, а пщы уэлийм хуэпшэ мэ-рэмэжьеймк щыщ тІэкІу дегьафэ, - жиІащ Кушыку.

- Алыхьыр согъэпщІ, пщы уэлийр яп-хэмыфауэ, зы ткІуэпс фезгъафэм, - жиІащ щІалэжьым.

Щ1алэжьым и лыгъэр игъэунэхуну Кушыку мурад ищІащ.

- АлыхькІэ соІуэ, щІалэ, дахэкІэ думы-гьафэмэ, Іейкіэ дебгъэфэнкІэ, думыгъэ-фауи льэбакъуэ уэдмыгъэчын! - жиІэри Кушыкум шы Іумпіэр нубыдащ.

- Алыхь, си щІалэ, уи лыгъэр бгъэу-нэхунымэ, лыгъэ щІапІэ уихуамэ! - жиІащ и анэм.

Абы щІалэр нэхъри кьигъэтгубжащ.

- Уэлжьэ, ди анэ, абрэдж гуп кьыс-кІуэза щхьэкІэ, сэ сышынэу сыкьимы-кІуэтыну. «Мэрэмэжьей кьыпхуэсщэрт, ауэ абрэдж гуп кьыскуэззэри сфІырафащ жьісЛэмэ, пщы уэлийр дыхьэщхьынкъэ?! - жиІэщ щІалэжьым, кьелъэщ, щІопщымкІэ Кушыкур зэпилъэщІыхьщ, кьеІунщІри, кьэІуидзыжащ. - Сэ си гъуэгу сытетщ, фэри фи гъуэ ту фытет, ажал фыкъэ-мейм э, - жиІэри щІалэжьыр гум итІыс-хьжащ.

Кушыку и гупыр я Іэщхэм епхъуат. щІалэжьыр ящкІыну.

- Щ1ывгъэт! КІуэ тІасэ, лыгъэ уиІэщ! - жиІэри, зэанэзэкъуэ эр я гъуэгу тригъэу-вэжащ. Щ1алэжьыр Кушыку и пщІантІэм дыхьэри, и хьэщІэщым щІыхьащ.

- Пщы уэлийр дэс? - жиІэу щІыщІэуп-щІэм...

- Мэзым щІыхьауэ тхьэмахуитІ хьуауэ мэщакІуэри щІэтщ, - кІыжьраІащ.

Мэзым хьыхьэжа гупым Кушыку яж-рИащ.

- Фы дыдзэуи дыщэкІуащ, хьэщІи сиІэщ, дывгъэкІуэж! - жиІэри.

Хьэхэр я гъусэрэ зэрызехьэу Кушыку и гупыр пщІантІэм кьыщыдыхьэжьым, джьлахьстэнеи щІалэжьыр хьэщІэщым кьыщІэплъри, зэщІэкІэжаэр, псоми яп-ну кьыдыхьа лЫр щІопщымкІэ зэпилъэ-щІыхьар зэрыарар кьицІыхужащ.

- Уэлжьи, ди анэ, щІопщмкІэ сщІа аб-рэдж жьакІащэр пщы уэлийр арам! - жиІащ, къэгуэвэжауэ.

- Арами, абы хуущІемыгъуэж, си щІа-лэ, абы уи лыгъэр игъэунэхуну арати, арам лЫуэ укьильхуауэ укъыщІэкІащ! - жиІащ анэм. Арщхьэкіэ щІалэм игу фЫ щыщІэнт!...

Кушыку кьызэрыщыхьэжу жраІащ хьэ-щІэ зэрпІэр. Зыри жимыІэу и унэм щЫ-хьэжщ, зитхьэщІщ, зиГъэкъабээщ, гъуэлър жеящ.

ЕтІуанэрей махуэм къэтэджщ, зи-тхьэщІщ, жьакІэ мажьэ щІихщ, шхэщ, зи-хуэпэрэ, итІанэ хьэщІэщым щЫхьащ. Зы-ри къэмыхъуауэ, иджы етІуанэу хьэщІэ-хэр зэрилъагъ ур зыфІимыГъэщІу, я Іэр нубыдри ящыгуфЫкІащ.

- Дэгъуэу фщІащ фыкьыззэрыІуар, фыкьыхэмыщту хьэщІапІэм фис, зыв-гъэпсэху! - жкрИэри кьыщІэкІыжащ.

ЕтІуанэрей махуэм Къэбэрдейм шу джэгуакІуэхэр хигъэхьащ:

- ХьэщІэ сиІэщи, фыкьыззэхуэс! - жиІэри. «Уипщ къоджамэ, уи лъэдакъэпэр уи пхэщхьэлым теуэу жэІ» - жьихуаІэрати, пщы уэлийм яхуигъэува пІалъэм ирихьэ-лІэу къэбэрдей пщыжь-уэркъыжьхэр кьызэхуэсащ.

Кьызэхуэсахэм Кушыку Іэнэр ину кьа-хуэзІуихщ, щІалэр Іэнэкіэм игъэтІысщ, езыр жьантІэм кьыдэтІысхьэжри, жиІащ:

- Си ныбжьэгъуэхэ, Джьлахьстэнеи кьикІауэ хьэщІэ сиІэщи, мы Іэнэр абы и Іуэжьщ, мэрэмэжьей кьыскуэшэри кьэ-кІуащ дригъэфэнуи, девгъафэ! - жиІэри.

Зы жэщ-зы махуэ жІэ зэхэмыкІыу гу-пыр ефа нэужь, Кушыку жиІащ:

- Иджы, си хьэщІэ льапІэхэ! Джьлахь-стэнеи кьикІыу кьыскуэкІуа си хьэщІэр уэкъулэ кьыскуэкІуауэ аращ. Мис мо щІалэр. И анэм фІэкІа имыІэу, адэ щхьэ-щымытыку кьхъхуащ. Псэуну хуеиІ, Сэ изот шы-уанэ зэтелърэ зы жэмыщІэрэ. Фэ кьефтынухэмкІэ фыхуитщ. Фи напэ фызэрепльщ, - жиІащ Кушыку.

Пщы уэлийм апхуэдэу жиІауэ, ирамы-ту хьурэт?

«Сэри мэлитху изот!», «Сэ кьунанитІ изот!», «Сэ бжэнипщІ изот!», «Сэ таниті изот!», «Сэ жэм зэщІэс изот!», «Сэ зи жэжьыгъуэ жэмыщІэ изот!» - жаІэурэ псо-ми зыгуэрхэр кьратыну жаІащ. А псори зэхэту куэд хьурт.

- АтІэ, сэ мы щІалэм естыну жьыхуэ эсІа шы-уанэ зэтелъымрэ жэмыщІэмрэ, пщэ-дей нэху здэщым, мо БгыщІыкІущхьэм тетынущ. Фэри мы щІалэр кьызэрывгъэ-гугъахэр пщэдей нэху здэщым кьытев-гъэувэ! - жиІащ Кушыку. АпшІондэ ху дэ дефэ-дешхэу дызэхэсынущ. - Кушыку и унафэм зыри ебакъуэ хьунутэкъыми, я пщафІэ щІалэхэр зэбграгъэжащ.

Пщыхэр ефэ-ешхэу зэхэсуэ, нэху-щым щхьэж кьызэригъэгугъар кьахурІ.

БгыщІыкІущхьэм кьытрагъэуващ, Ку-шыку кьызэригъэгугъари тетІ.

- Мес, щІалэ, мо БгыщІыкІущхьэм тет Іэщхэр псори ууейщи, здэхуи кІуэж, гъуэгу махуэ, упсэуну ущІыхуейкІэ, псэу! - жриІащ Кушыку у. Щ1алэр къэтэджжьы-ри. . .

- Фэ, зиусхьэнхэ, фхэщІам хуэдищэ Тхьэм кьыфхилъхьэж! Фи хьэлэлагъым щхьэкІэ фЫщІэ фхузощІ! - жиІэри кьы-щІэкІыжащ. И хьэмкІэшыгур зэщІи-щІэжщ, и анэр игиГъэтІысхьэри, БгыщІы-кІущхьэм дэкІащ.

- Ха, Кушыку, жьы ухьурэ де лэ ухьу-жащ уэ. Апхуэдизэ ІэщІыр мо кьыздикІар зымыщІэж хьэулейм сыт щІедбгъэтар? - жиІащ пщыхэм ящыщ гуэрым.

- Абы лЫгъэ иІэти, ивэзгъэтащ, фэ лЫгъэ фиІэмэ, кьытефхьж! - жиІащ Кушыку.

- Хуит дыщІ закъуэ, АлыхькІэ соІуэ-зы мэлыкІэ едмыгъэхун! - жиІащ нэ-гъуэщІ зыгуэрми.

- Хуит фызощІ. Ауэ фи напэр текІауэ фыкьанэмэ, фыщІегъуэжьынщ! - жиІащ аргуэру Кушыку.

- Деплъынщ! - жари пщы чэф кьомыр кьызэрыІэтри, Кушыкум уи яхэту, БгыщІы-кІущхьэм зэрыдэхащ.

Джьлахьстэнеи щІалэжьыр Кушыку ирита шы-уанэ зэтелъым шэсауэ ІэщІыр зэщІиугъуаеу нэсахэщ.

- Уа, щІалэ, удели уэ, дэ дыпщыдыхьэш-хауэ аращ, ахьумэ зыри уэттакъым! - жиІэри, зым и щІыр ирихуІащ.

- Мыхэр кьыззэытар Жанхъуэтыкъуэ КушыкущІ, ахьумэ фэ зыри кьызэфта-кьым. Абы етыж жиІэмэ, фэстыжьынщ, армырауэ зы щыкІэ фэстынкъым! - жи-Іэри щІалэжьыр кьэуващ. Хэт бгъэдихуэ-рэ еІэпщанІуэми, щым кьыгрчьырти хы-фидзэр т. Апхуэдэу псори зэщхьэщиудщ, яшхэр езым ирата шыхэм хихуащ, ири-хужьэри екьэжащ.

- Ди напэр токІ, Кушыку, мы емынэм кьыдищІар ныбжьырыхьэунщ. Е мыр дыуКІынщ, е дишхэр кьыдегъэтыж! - жиІащ, Кушыку джьлахьстэнеи щІалэ-жьым кІэлъыщІэпхьэри бгъурыльэдащ.

- Абыхэм яхуэфащэр епщІащ, лЫгъэ уиІэщ, яшх эр етыжи, у э кІуатар ху, - жриІащ.

Джьлахьстэнеи щІалэжьым пщы-уэркъ гупым яшхэр кьыхихужщ, адрей-хэр ирихужьэри екъэжащ.

- Мис абы и лЫгъэр араща апхуэдизэ мыльку щІывезгъэтар! - жиІащ Кушыку.

Мы хьыбарыр сэ кьэзгупсысакьым, жаІэжу зэхэсхащ.

* * *

ИщХЪЭМКІЭ зэрыщыжытІащи, Кушыку пщы уэлийуэ хахауэ щытащ 1808 гъэм, илъэс 21-кІэ тетауэ, 1829 гъэм лІащ, я кхъэІуащхьэми щІалъхьэ-жащ, И кхъэ щыІур плиткэ хужькІэ зэ-гъэкІуауэ тегъэжьхьауэ, и щхьэм уэшх темышхэу, дыгъэ темыпсэу, гъущІ башиплІым тету кьэнжал ла, дыгъэм пэлыду, ар и «бгъэну» щытащ. Дышыщы-кІум, зэныбжьэгъуэр дызэгъусэу а Іуащ-хьэм дыкІуурэ деплъыт, ди гъунэгъу-бзэти. 1935 гъэм колхозым и председа-телу Мысостышхуэ ПатІушэ лажьэрти, абы иригъэкъуТауэ щытащ а кхъэр. И Іужьым, езы ПатІушэ зы хьауэ, ящыжьІэжащ:

- Абы нэхъ сызыхущІегъуэжа Іуэху сІэ-щІэщІакъым, Зырамыку, къо упщІамэ, схужеІэ сызэрыщІегъуэжар, - жиІэри.

Кушыку и ещанэрей фызым кьилъхуауэ Пщымахуэ жари щІалэ щІыкІу иІати, ильэ-сиІ фІэкІа мыхъуауэ лІэри, ари я кхъэІуащхьэм щІалхьэжащ. Кушыкурэ и бынэмрэ я хьыбарыр абы щиухащ.

Кушыку и ужькІэ Къэбэрдейм пщы уэлий щыхахьжакъым. Къэбэрдейр урыс адміністрацэм и Іэмыщ1э ихуати, кьуа-жэ кьэс старшинэ хахыу хьуащ. Абы-хэм урыс генералхэм я унафэр кьуажэм щызэрахьэу, щыпхасэкІыу екІуэкІащ.

Кушыку кьыщІэна псальэжьхэр

КушыКУ псальэжь зыкъом кьыщІэ-наш:

- Сэ нэхъ пщы здэщыІэм сывмышэ, - жиІащ Кушыку.

- Іэгъу, у э нэхъ пщы хэт щыІэ? - щы-жаІэм...

- Сабий здэщыІэм сывмышэ. Сэ жыс-Іэр кьыскуэвмыщІэми хьунущ, сабийм жиІэр хуэвмыщІэу хьунукъым. Ар сэ нэхърэ нэхъ пщыщІ - жиІащ.

* * *

КушыКУ пщы уэлийуэ щыщытам Къэ-бэрдей судми и унафэщІу щытащ.

- Пэжымрэ пщІымрэ сыт я зэхуаку? - жаІэу щеупщІм,

- ПлІаІэщ, - жиІащ Кушыку.

- Ар дауэ хьун, абы фІэкІа зэхуаку я мыІэу? - щыжаІэм, Кушыку и Іэхъуам-биплІыр и нэмрэ и тхьэкІуэмэрэ я зэхуа-кум дильхьэри:

- Уи нэмкІэ пльагъур пэжщ, уи тхьэ-кІумэмкІэ зэхэпхыр пцІыщ: абы зыгуэр щІамыГъуауэ е кІэрамыгъэхуауэ я кьыбжа-Іэжкъым! - жиІащ Кушыку.

* * *

КушыКУ и зэманым Льостэн КъарэкІэ еджэу зы лЫ бзаджэ гуэр Жан-хьэтхьэблэ дэсауэ жаІэж.

Кушыку шу 50 и гъусэу кьикІухьыгъ. Зэзуэрым, Кушыку и шу гупыр и гъу-сэу здэкІуэм, Льостэн Къарэ зу закьуэу кьэнкІуэжу зэхуэзащ.

Пщым гъуэгум ущыхуэзэмэ, дэбгъаззу удэкІуэт эн хуейт, «Гъэзэж!» жиІэу хуит укъыщІыжьыу. Арат хабзэр.

Льостэн Къарэр Кушыкум щыхуэзэм, игъэкІерахьуэри пщым и сэмэгура-бгъэмкІэ бгъурыуваУэ макІуэ. МакІуэрэ-макІуэ, пщыми «гъэзэж» жиІэркъым, Льостэн Къарэри хуейкъым пщым и гъу-сэу кІуэну.

- Сп1ожь, Жанхъ уэтыкъуэ Кушыку, «гъаз» щыжумыІэр? СыхуэмеикІэ, Алыхьым и цІэкІэ соІуэ, уи гъусэныгъэм! - жиІэри кьитэкІэрахьуэри кьыщІэхьэжащ.

- Си пщыгъэм нэхъэу, уи лыгъэр сиІа-щэрэт! - жиІауэ жаІэ Кушыку, Льостэн Къарэм кІэльыпльуэр.

* * *

КушыКУ лІэуэ щытелъым, еупщІат жаІэ:

- Уэ упщыуэлийуэ, жьпІэр хьуэ, узы-хуейр бгъэзту упсэуащ. Сыт уэ умыгъуэ-тауэ щыІэр? - жари.

- Ину икІи фІыуэ зыри згъэзатакъым! - кьаритат жэуап, жаІэ.

ГъущІрэ Гъущыпсэрэ

ЖАНХЪУЭТЫКЪУЭ Кушыку и у эли-игъуэ з зэманым Гъущ1рэ Гъущыпсэ-кІэ еджэу зэкъуэшит кьыхуеблэгъащ.

ЛІитІыр Кушыку и хьэщІэщым щІэлъу нэху кьеІащ.

- ХьэщІэщым Іэщ1кІэ зэщІэузэдауэ лІитІ нэху кьыщеІащ, - жраІащ Кушыку, кьыбгъан щІихыу кьигъэззэжа нэужь.

Кушыку и хабзэт, пщэдджьжьым, жьакІэ мажьэ щІиха нэужь, хьэщІэщым кІуэрэ хьэщІэкэр зригъэщІыхьуу, кьыхуэ э-кІуауэ абы щІэсыр пщыхэмыщ щытмэ, здигъашхэу, ауэ уэркъыу е лЫ кьуэлІу щытмэ, кьыщІэкІуар зригъащІэрэ кьы-щІэкІыжу.

Кушыку и пщэдджьжь зыхуэпэнкІр эз-рызэфІэкІыу, хьэщІэщым щІыхьащ.

ХьэщитІыр, я зытхьэщІынри я зыхуэ-пэнри зэфІэкІауэ, щэнт лЫахьщэ щІыкІу-хэм тесу, пщым кьежьэу щысти, Кушыку щыщІыхьэм, лІитІыр кьыщІыльэтри, я кьамэ Іэпщэхэр Іэ сэмэгукІэ яІыгърэ нэфІэгуфІэу кьыпэуващ.

Кушыкур абыхэм зэрыІуплъэу, адыгъэІ зэкъуэшитІыр игу ирихьащ. Сэлам-чэ-ламыр зэфІэкІа нэужь;

- ФЫтІыс! - жиІэри, Кушыку тІысащ.

- Хьэуэ, фЫщІэ пхудощІ, уэ ущысу, дэ дытІысыну кьытлЫсыркъым, - жиІащ Гъущ1, арат нэхъыжьри.

Ари пщым игу ирихьащ.

- Сыныводауэ, сытым фыкъысхуихьа? Фэ СЫвгъэуитІыр КІэхэмкІэ фыкьыкІащ.

- Пэжщ, дэ Шапсыгъым дыкъокІ. Ди щхьэр кьотхьэлащ, «Къэбэрдейм я пщы у элийуэ щытыр Жанхъ уэтыкъуэ Ку-шыкущ, пщы захуэщ, цІыху пэжщ» жаІэу зэхэтхырти, Сэ си цІэр Гъущ1, си шынэ-хьащІэм - Гъущ1ыпсэщ.

- Сыт атІэ, фи хэкур фыбгъынэу, Къэ-бэрдейм фыкьэкІуэн хуей щІэхьуар?

- Ари дыбзыщІынукъым, мы си шы-нэхьыщІэм лЫ Іэщ1экІати, хэкум дыкъи-мыкІыу хъуакъым. ПцІыр хьэрэмкъэ, дунейм ехьжа езы тхьэмыщІкІэрат кьуанщэр.

- Хьунщ, фыкьыщызэкІуэлакІэ, фы-кьыскъуэнэщ. Мы кьуршымкІэ кьыщ-хьэпрыкІыурэ, куржьыхэм ди цІыхухэр я дыгъу. Абы щхьэкІэ зы гуп цІыкІу згъэ-кІуауэ Тэмакъым дэсщ. Абы фахьхьэн-щи, хьумакІуэу фахэтынщ!

- Ину фЫщІэ пхудощІ, ауэ хуит дыщІ я пэ щыкІэ унэ тІэкІу тщІынщ, псэун щІэд-дзэну!

- Хьунщ, фыпсэун щІэвдза нэужь, фа-хьыхьэнщи, лЫгъэ фхэльу си цІыхухэр фхъуэмэщ.

- Дынодаіуэ! Ауэ мы зыри бжедмыІэу хьунукъым. Дэ дыщІыхь щхьэхуитщ, Шап-сыгъым псори щыщхьэхуитщ. Дэ дып-щыІЫнукъым!

- ФигъэпщІлІыну хуежьэу зыми хуэзэ-дэнкъым. Фи льэпкъыщІэр хэт хьуну?

Къэбэрдейм льэпкъ куэду исыр зра-гъэщІати:

- Ды-Къардэнщ! - жаІащ.

- Дэгъуэгу, фылажьэ, фышхэж! - жиІэри, Кушыку хьэщІэщым кьыщІэ-кІыжащ.

Ар я кьыщэнэкІэу зэкъуэшитІыр Жан-хьэтхьэблэ кьыдэнащ.

БгыщІыкІу льапэм деж унапІэ щаритри, гъунэгъуэр кьадэІэпкъуэрэ, бгъэ-ныщхьэ, чы-бжэгъу уэр тІэкІу ящІащ. Чу-хьэр и щІэу фызэ кьишащ Гъущ.

Абы ижжькІэ зэкъуэшитІыр Къэбэрдей гъунапкъэр зыхьу м эу къуршым ит гу-пым яхьхьауэ яхэтт.

Зымахуэ э гуэрым Гъущ1 и шынэхьыщІэ Гъущ1ыпсэ гъу эмылжьэ кьригъэ хьжащ. Гъущ1ыпсэ шууэ пщІантІэм щыдыхьэжьым, и ныс э Чухьэрым и гупэм Жанхъуэт и у эркъэхэм ящыщ лЫ гуэр хэпьт. Шы лъэ макъыр щызэхахым, лЫр кьыщІэжри дэжьщащ. Чухьэр кьыщІэжауэ бжьхь щхьэдзэхыпІэм щелъэм, Гъущ1ыпсэ кІэ-щІыхьэри, фыз кІэпэчым и пхэщІыщхьэр кьамэжьэ ириупщІащ. Арати, Чухьэр и ды-щым кІужащ. Гъущ1ыпсэ гъущ1ымэ имы-хьу и кьуэщым деж ирІъэзэжащ.

- Гъуэмылэ кьыщІумыхьар сыт? - жиІэу Гъущ1 и кьуэщым кьыщеупщІым, мыд-рейм зыхуэзар жриІащ.

Гъущ1, пІалъэ кьыхимыгъэкІыу, и кьуэщыр зыщІигъущ, кьэшэсри кьехьы-жащ. ПщыхьщхьэжэкІуэ кьэсхьжэри, я уэжь щІыкІумкІэ мыкІэжку, нысэм кьыкІэлъыкІуа уэркъым я пщІантІэм ды-хьащ. Здыдыхьам ялхэр зэбгрыкри, за-гъэпщкІу ащ. Унагъуэм я ныс эм хьывр кьишыр т, я гущэжьыр сабийр ИщІыгу щхьэщІтІт. ЗэкъуэшитІыр кьепсыхщ, нысащІэр ящубущ, Гъущ1 и фыз Чухьэр кьрщІар ирагъэжьри дэкІыжажэщ. Жэ-щым къ уажэм нэху кьыщІемыкІыу, кьы-зыхэкІа гупым я деж кІуэжащ зэкъуэ-шитІыр.

- Мыращ Къардэн зэшитІым кьыда-щІар! Дэ дыуэркъщ, мы екІуэлІапІэнщэу кьыдыхьа зэкъуэшитІым тхуэмыфащэ кьыдапсащ. Уэ яхуэбгъэгъэчи, дэ яхуэдг-гъэгъунукъым. Іуэхур льыгъажэ мыхъу щыкІэ, мы зэкъуэшитІыр дэхуж мы кІу-ажэм! - жаІэри, зи нысэ ягъэпуда льэпкъыр Кушыкум хуэтхьэусыхащ.

Кушыку сыт щыгъуи и уэркъэм кьащ-хьэщыжырт. ЗэкъуэшитІым лЫгъэ яІэу Къэбэрдей ипщэ льэныкъуэр яхьумэ п т ми, шу якІэльигъакІуэри кьригъэщэжащ.

- Си уэркъэм апхуэдэ напэтех ефщІа-уэ фхуэзгъэгъунукъым! - жиІэри зи нысэ ягъэпуда льэпкъым пщылІу яритащ.

Арщхьэкіэ уэркъ льэпкъыр аргуэру льэІуащ:

- Мы зэшитІыр угъурсізщ, леймы-гъэгъущ, жэщу даукІынщи дэкІыжьынкэщ. Мыхэр нэгъуэщІым пщылІу ети, дэ мы-быхэм я пІэкІэ нэгъуэщІ кьыдэтІ - жаІэри.

Къардэнхэ пщылІу Мэзанхэ я бзе Іутти, ахэр Кушыку кьыІуигъэкІри, мыд-рей у эркъхэм я пщылІ ищІащ, Гъущ1рэ Гъущ1ыпсэрэ Мэзанхэ пщылІу яритащ.

ЗэкъуэшитІым я щхьэхуитыныгъэр абдежым щаухащ, хьумакІуэ гупми яхэты-жакъым.

Чухьэр ди кьуажэгъу зыгуэрым ишэ-жри, абы щылЫхуэ-щыпІэу лІэжьыху исащ, Фызыр зыщэжа льэпкъым я деж щилъхуа и бынхэм «ЧухьэркІэ» ауанящІу еджэу щытащ.

Мэзанхэ пщылІу ярита зэкъуэшитІым я нэхьыжь Гъущ1 Іэщхэм яхэтыну уэтэ-рым ягъэкІуащ. Гъущ1ыпсэ пщІантІэм щы-лэжьэну кьыдэнащ.

Зы махуэ гуэрым кьулшыкъухэм деж Гъущ1ыпсэ мэкъу гупэ кьишэри кьэ-кІуэжащ. ВитІыр щІигъэхуарэ, мэкъугум тету мэкъур пыпхьу эм дридзейрт. Мэ-занхэ я кьуэм кьубгъан кьщІихри кьы-щІэкІащ. И Іуэху зэфІэкІри кьигъэззэжа-ти, пыпхьэ у эщІу мэкъугум тет Гъущ1ыпсэм бгъэдыхьэри жриІащ:

- Мы зы мэкъугуРа нышэдэбгъ льан-дэм къэпшар?

- Уэ ужеИху кьыоу эшар аращ. Уэ нэ-хьыбэ кьэпшэфынымэ, кьашэ! Сэ кьыс-хуэшар мы зы мэкъу гулъэрщ! - жиІащ Гъущ1ыпсэ.

(КъыкІэлъыкІуэнущ).



Тхьэм фелъэIу

Алыхьу Тэхьэлам жиIащ: «ФыкъызэлъэIу, жэуапыншэ фысщIынкъым». Ди бегъымбар лъапIэм и псалъэщ мыхэр: «Тхьэм нэхъыфIу узэрыхужыIэщIэнур уелъэIукIэрэщ», «Алыхьым лъэIукIэ зыхуэзыгъэза зы муслъымэни къэнэнукъым (и лъэIум гуэныхь е зэIыхьлыхэр зэпэIэщIэ зыщIын гуэрхэр хэмылъмэ) жэуап лIэужьыгъуищым языхэз къызылъымысын: е Абы и нэфI къыщыхуэнщ мыгувэу (дуней гъащIэм къриубыдэу), е и хъуэпсапIэр ахърэтым къыщылъысынущ, е мыхъумыщIагъэхэм ящыхъума хъунущ (и лъэIур зыхуэдэм елъытауэ)».

ЛъэIуэн зэрыхуейр:

1. Уи гури уи псэри етауэ;
2. Уи лъэIур щэнейрэ къытебгъэзэжурэ;
3. Алыхьу Тэхьэлам нэмыщI нэгъуэщIым зыхуумыгъазэу;
4. Уи гуэныхьхэр упшыныжауэ е абыхэмкIэ «таубэ» къэпхыжауэ;
5. КъаблэмкIэ уи гупэр гъэзауэ, уи Iэр уафэмкIэ пIэтауэ;

● ПщIэну щхьэпэщ

6. Алыхьу Иным и цIэ дахэхэр жыпIэу;
7. Алыхьу лъапIэу лъагэм IуэхушхуэхэмкIи Iуэху «жьгъейхэмкIи» уи гуныкъуэгъуэхэр хуэпIуатэурэ.

Гу зылъытапхъэ: НэхъыфIщ ущылъаIуэкIэ андез пIыгъыныр, нэмэз пщIыныр, ДыкъэзыгъэщIам щIэх-щIэ хыурэ фIыщIэрэ щытхъурэ хуэбгъэшыныр.

Щыуагъэщ:

УщылъаIуэкIэ мажусий диным пыщIа псалъэхэр (Тхьэ зэмылIэужьыгъуэхэм я цIэхэр) къыбжьэдэхуныр; Iей, мыхъумыщIагъэ нэгъуэщIым къылъыбгъэсыну ухущIэкъуныр; диным (шэрихьэтым) и хабзэхэр къыумылъытэныр; къэхъуа, зэфIэкIа Iуэхугъуэм и гугъу пщIыныр; уи щхьэ закъуэ мыхъумэ, нэгъуэщIхэм фIы къалъыбгъэсыным ухуэмеиныр.

Тхьэм нэхъ ущелъэIупхъэ зэманхэр:

1. Къэдэр жэщым;
2. Фарз нэмэзыр пщIа нэужь;
3. Уэшх къыщешхкIэ;
4. Мэрем махуэм, дыгъэр къухьэгъуэм щыхуэкIуэм деж;
5. Адакъэр щыIуэкIэ;
6. Сымаджэм ущыбгъэдэсым деж;
7. Жэщым укъэушу, «Къулъхуолэ» сурэмрэ «Аятэлкурси» Iэятымрэ жыпIа нэужь;
8. Андез пIыгъыу угъуэлъыжа нэужь;
9. НэщI ущисым деж (псом хуэмыдэу Рэмэзан мазэм и иужьрей махуипщIым);
10. ТхьэмыщкIагъэ, къулейсызыгъэ къыщыплъысам деж;
11. Нэмэзыбзэ (сурэ, Iэят, духьэ) жыпIа нэужь.

Диным и лэжьакIуэхэм, щIэныгъэлIхэм къызэралъытэмкIэ, Тхьэм уелъэIуну нэхъ къыщезэгъ нэгъуэщI зэман, щIыпIэ (псалъэм папщIэ, Арафат бгым, Чэбэм, ас-Сафа, аль-Марвэ Iуащхьэхэм) Iэджэхэри щыIэщ.

Шейх Абдуллах аль Джабрин и тхылъ «ТхьэлъэIу» зи фIэщыгъэм къитхыжащ.

● Муслъымэн ныбжьыщIэхэм яхуэгъэза дерсхэр

Адэ-анэм пщIэ яхуэщIыныр

Адэ-анэм пщIэ яхуэщIыным къикIыр абыхэм я жыIэм едэIуэн, фIыуэ яхущытын, ядэIэпыкъун, фIыуэ лъагъун, дахэ яжеIэн зэрыхуейращ. Алыхь Иным цIыхум къалэну къыщищIащ и адэ-анэм дапщэщи фIы ях уищIэну, яхуэщхьэпэну, нэмыс яхуищIыну.

Гугъу къыддохь

Ислъамым цIыхур къыхуреджэ и адэ-анэм пщIэ яхуищIыну щысабийми, балигъ хъуа нэужьи, ахэр дунейм щытетми, щымыпсэужми.

Псом хуэмыдэу ислъамым ткIийуэ къытхуегъэув ди анэм фIыуэ дыхущытыну, сыту жыпIэмэ, ар куэдрэ гугъу къыддохь дыкъамылъху щIыкIи, дыкъалъхуа нэужьи. Абы къыхэкIыу Тхьэм и нэфIыр зыщыхуа бегъымбарым къалэн къытщищIащ ди анэм дапщэщи дыхуэсакъыну, и гугъуехьхэр щыдгъэпсынщIэну, нэмыс хуэтщIыну.

Зэгуэрым Тхьэм и лIыкIуэм къеупщIат и Iуммэтым ящыщ зы: «Уа, бегъымбар лъапIэ, хэту пIэрэ цIыхухэм ящыщу нэхъыфI дыдэу сызыхущытыпхъэр?» - жиIэри. «Уи анэращ», - къитащ жэуап бегъымбарым. «ИтIанэ-щэ?» - щIэрыщIэу къеупщIащ модрейр. «Уи анэращ», - жиIащ бегъымбарым. Ещанэуи ардыдэмкIэ къеупщIащ. «Уи анэращ», - жиIащ арг уэру бегъымбарым. ЕплIанэу къеупщIа нэужьщ бегъымбарым «Уи адэращ» щыжиIар.

Ислъамым къелъытэ унагъуэр пIыным, сабийхэр къэгъэхъуным адэми хэлъхьэныгъэфI хуищIу. Адэри гугъуехьрэ гъэунэхуныгъэу Iэджэм хохуэ, и бынхэм я сэбэп зыхэлъ хэр щилэжькIэ. Тхьэм и нэфIыр зыщыхуа бегъымбарым къытхуигъэуващ ди адэми дапщэщи пщIэ хуэтщIыну.

Жэнэтым ухуэзышэ гъуэгу

ЦIыху псоми ящыщу пщIэ нэхъыбэу зыхуэтщIыпхъэр ди адэ-анэхэрщ. Ахэращ ди фIыщIэрэ щытхъурэ нэхъ зыхуэфащэри.

Адэ-анэм пщIэ яхуэщIыным хуэунэтIауэ бынхэм я пащхьэ къоувэ мыпхуэдэ къалэнхэр:

- ♦ Адэ-анэм я унафэр нэсу ягъэзэщIэну;
- ♦ Абыхэм гуапэу яхущытыну, гущIэгъу хуащIыну;
- ♦ Я жыIэм дапщэщи едэIуэну, я фIэфIыныгъэхэри хуащIэну;
- ♦ Дапщэщи нэмыс хуащIыну, Iуэху фI мыхъумэ, мыхъумыщIагъэ ямылэжьыну;
- ♦ Хамэ гуэрхэр щыщытым деж адэ-анэм пщIэ зэрыхуащIыр IупщIу ягъэлъэгъуэну;
- ♦ Адэ-анэм я гуэныхьхэр къахуигъэгъуну Алыхь у Тэхьэлам елъэIуну:
- ♦ Адэ-анэр фIыуэ лъагъунращ жэнэтым кIуэ гъуэгуми, Алыхь Иным и арэзыныгъэхэми и тыгъэ лъапIэхэми я хэкIыпIэр. Укъэзылъхуахэм уемыдэIуэнырщ тезыр ткIийхэр къыптехуэнкIэ щIэхъур.
- ♦ Адэ-анэм пщIэ хуэщIыныр Алыхь у Тэхьэлам ищIащ гугъуехьхэр тщызыгъэпсынщIэ, ди псэукIэр езыгъэфIакIуэ, ди къулеигъэхэр тхуэзыгъэбагъуэ, ди гъащIэр кIыхь икIи насыпыфIэ зыщI къару телъыджэ.
- ♦ ЗэраIуэтэжымкIэ, Алыхьым и нэфIыр зыщыхуа ди бегъымбарым жиIэгъащ мыпхуэдэу: «Зи къулеигъэхэр зыхуэбэгъуэну хуейм и адэ-анэр дапщэщи ирегъэлъапIэ, и Iыхьлыхэри иремыгъэгъуащэ».

ЩапхъэфIхэр

Алыхьым и лIыкIуэмрэ абы и зэманым псэуа цIыху щыпкъэхэмрэ щапхъэфI Iэджэ ягъэлъагъуэрт я адэ-анэм пщIэ яхуэщIынымкIэ. Iусамэ и къуэ Зейд зэрыжиIэжымкIэ, абы Мадинэ къалэм дэту зэгуэрым иIащ финик къызыпыкIэ жыгышх уэ, динару зы мин ху эдиз и уасэу. Зэгуэрым и анэм къыжриIащ апхуэдэ жыгым и курыхым щыщ ишхыну игу къызэрихьар. Iусамэ, куэдрэ мыгупсысэу, и жыгышху эр къриупщIыкIыжри, и анэр игъэтхъэжыгъащ. Абы жиIэрейт мыпхуэдэу: «Мы дунейм теткъым, схуэзэфIэкIынумэ, си анэм тыгъэ хуэзмыщIыфын хьэпшып».

Алий и къуэ Хъусени и анэм пщIэшх уэ хуищIыр т. Ауэ, зэрыжаIэжымкIэ, абы и гъусэу зы Iэнэм щышхэртэкъым. Абы и щхьэусыгъуэм теухуауэ зыгуэрхэр къыщеупщIым, мыпхуэдэу жиIэгъащ: «Си анэр зэхъуэпса Iыхьэр си Iэм къыпэщIэхуэнкIэ сошынэ».

Мыпхуэдэ хъыбари щыIэщ. Анэ гуэрыр и къ уэм е лъэIуат, «псы сегъафэ», - жиIэри. ЩIалэр псыхьэ кIуащ. Псы къихьу къэсыжа нэужь, гу лъитащ и анэр жейм зэрыхилъэфам. ЩIалэр, псы зэрыт шынакъыр IэщIэ ту, и анэ жейр къигъэушыну фIэгу эныхьу, абы щхьэщытащ нэху щыхункIэ.

Мывэ лъапIэхэм я щэхур

ЗэраIуэтэжымкIэ, щыIащ, псэуащ лIыжь г уэр, къуищ иIэу. Ахэр унагъ уэ щхьэ ху э хъуами, зэ дэпсэурт хьарзынэу, зэгурыIуэ-зэдэIуэжу.

Махуэ гуэрым лIыжьыр хьэлъэу къэсымаджэри, абы зэкъуэшищри егугъуу кIэлъыплъу щIадзащ. Я нэхъыщIэр и къуэшитIым елъэIуащ я адэр хуит къыхуащIу, езым и унагъуэм щрагъэгъэIэну. Япэ щIыкIэ шынэхъыжьхэм ар къыхуадакъым, ауэ мыдрейм и адэм и щIэиным хуэмейуэ щыжиIэм, арэзы хъуахэщ.

Арати, сымаджэр щIалэщIэм и унагъуэм ишэри, ху зэфIэкI къимыгъанэу, щыкIэлъыплъащ, щигъэтыншащ дунейм ехыжыхункIэ.

Зэгуэрым щIалэщIэм пщIыхьэпIэу елъагъу и адэр, и хъугъуэфIыгъуэхэр щигъэтIылъа щIыпIэхэр къыжриIэ хуэдэу. Нэ ху зэрыщу, и адэм зи гугъу къыхуищIа щIыпIэм макIуэри, пхъуантэ цIыкIу къыщегъ уэт, хъугъу эфIыгъу эу зыкъом дэлъу. И къуэшитIым я деж ехь а пхъу антэри, ар къызэрыIэрыхьа щIыкIэр яхуеIуатэ. «Уи адэм и щIэиным ущых уэмейкIэ, мыхэр зэпхьэлIэ хъунукъым», - къыжраIэри, пхъуантэр езыхэм къызыхуагъанэ.

КъыкIэлъыкIуэ жэщми щIалэм пщIыхьэпIэу елъагъу и адэр, и хъугъуэфIыгъуэхэр щигъэтIылъа нэгъуэщI щIыпIи къыжриIэ х уэдэу. Нэху зэрыщу, и адэм къригъэлъэгъуа щIыпIэм къыщохутэ, аргу эру къегъуэт пхъу антэ цIыкIу, хъугъуэфIыгъуэхэмкIэ кудауэ. Ари IэщIагъэкI и къуэшхэм, и адэм и щIэиным хэIэбэну зэрыхуимытыр къыжраIэри.

Нэщхъей дыдэу мэкIуэж щIалэр и унэм. Ещанэрей жэщми пщIыхьэпIэу елъагъу и адэр, «Ди хадэм щыщIэстIа кхъуэщыным илъщ динар закъу э» - къыжриIэу. А пщIыхьэпIэри яхуеIуатэ и къуэшхэм. Ахэр къыщодыхьэшх: «Динар закъуи? Абы дэ дыхуэныкъу э? Уэйщ ар, ух уеймэ къащтэ!»

ЩIалэм динарыр зыIэрегъэхьэри, и унэм къегъэзэж. Гъуэгум къыщыIущIа бдзэжьеящэр къолъэIу: «БдзэжьеитI къэз убыдащи, щэху, зы динаркIэ у зот». Къещэ хури, и унэм къокIуэж. «Гъажьэ»-жеIэри, бдзэжьейр и щхьэгъусэм IэщIелъхьэ. Япэрей бдзэжьейр щызэгуигъэжым, унэгуащэм и сэр Iуоуэ мывэ телъыджэ гуэрым, узэримыгъэплъу зэщIэлыдэм. ЕтIуанэрей бдзэжьейм и кIуэцIми къокI налмэс лъапIей.

Мывэ дахащэм я хъыбарыр пащтыхьым деж щынэсым, щIалэр ириджэщ, налмэсхэри IэщIихри, хъугъуэфIыгъуэ IэджэкIэ къыхуэупсащ.

Алыхь Иным жиIащ:

«У и Тхьэм унафэ ищIащ, Езым нэмыщI, нэгъ уэщIым фыхуэмыпщылIыну, фи адэанэми фIыуэ фах ущытыну. Язырe тIури жьы хъуауэ къыпхуэнэмэ, къохьэлъэкIыу къащумыгъэхъу икIи уатемыкIие, Iэдэбу епсалъэ. Абыхэм гущIэгъу яхуэщIи уи щхьэр яху эгъэлъахъшэ икIи жыIэ: «Уэ си Тхьэ, мыбыхэм гущIэгъу къаху эщI, сэ сыщыцIыкIум сызэрапIам хуэдэу!» («Жэщ гъуэгуанэ сурэ, 23-24 Iэятхэр).

Алыхьым и нэфIыр зыщыхуа Мухьэмэд бегъымбарым жиIэгъащ мыпхуэдэу: «Адэ-анэр зыхуэарэзым Алыхьыр къыхуэарэзыщ, адэ-анэр зыхуэмыарэзым Алыхьыр къыхуэарэзыкъым».

Зэи сщыгъупщэнукъым

Пэшышхуэм бзылъх угъэу куэд щIэст, «АнэфI дыдэ» зыфIаща зэпеуэм кърикIуахэр хэIущIыIу къыщыхъуным пэплъэу. Дэтхэнэри щыгугъырт илъэсым и анэ нэхъыфIу къалъытэну, ауэ зы закъуэт апхуэдэ щIыхьыр зылъагъэсыпхъэр.

Зэпеуэм и къызэгъэпэщакIуэ цIыхубзыр утыкум къыщихьэм, пэшышхуэм щIэсхэр зэщIэщымащ. ЦIыхубзым и макъ жьгъырум зиIэтащ, щIэх дыдэуи зэIубз къэхъуащ текIуэныгъэр зыхуагъэфэщам и цIэ-унэцIэр, дакъикъэ зыбжанэкIи Iэгуауэшхуэр увыIакъым. Псом хуэмыдэу я Iэгухэр «щIаудыжырт» цIыхубзхэм хагъэфIыкIа анэм и быниплIым.

Зэрыхабзэу, зи кIэныр къикIар утыкум ирашэри, къехъуэхъуа нэужь, тыгъэ лъапIэкIэ къагъэгуфIащ. Ар зыIэщIиубыдэщ, микрофоным пэгъунэгъу зищIри, зэрыпIейтейр нэрылъагъуу, бзылъхугъэ лъагъугъуафIэм мыпхуэдэу жиIащ: «ПщIэ лей къыщIысхуащIын злэжьауэ сщIэркъым. Анэ мелуанхэм ди IуэхущIафэ хэри ди гурыгъу-гурыщIэхэри зэтохуэ, ди гъащIэр дохь ди щIэблэм дакIэрыщIауэ, тху зэфIэкIыр яху этщIэу, ди бынхэм я гуфIэгъуэр ди гуфIэгъуэу, я мыгъуагъэм дагъэжыщIэу. Си щхьэкIэ, сыт хуэдэ гугъуехь згъэвами сынасыпыфIэу зызобжыж. Сыт щхьэкIэ? Си бынхэм сыкъагъэпэжащи. Ахэр цIыху хъуащ, зэгуэрым сэ яхуэсщIахэр я бынхэм хуащIэф. Абыхэм закъыфIэщIыжыркъым батэкъутэр ягъэшу, я къалэнхэр зэрахузэфIэкIкIэ ягъэзащIэ. Апхуэдэу хьэл-щэныфIхэмкIэ ДыкъэзыгъэщIар къытхуэупсащи, допсэу, зэрызых уэдгъэфащэм ху эдэу…»

Зэпеуэм щытекIуа бзылъхугъэм и къуэ нэхъыжьыр щIэлъэIури, псэлъапIэм къиуващ. Абы жиIащ: «Зэи сщыгъупщэнукъым, ди анэм и быниплIри, ямылейуэ гугъу къыддехьурэ, дызэрипIар. Ди адэр пасэу лIат, ди унагъу эр мылъкуншэу дыкъызэринэкIри. Ди Iыхьлыхэмрэ гъ унэгъухэмрэ зэхыхьэри, цех гуэрым лэжьапIэ къыщысху агъу этат, си улаху эмкIэ си анэмрэ сызинэхъыжь сабийхэмрэ сахуэщхьэпэн папщIэ. Ди анэм, хэгупсысыхьэри, сылэжьэныр къысхуидакъым, сригъаджэмэ нэхъ къищтащ. Езыр лэжьащ зыщымысхьыжу, дэрбзэр машинэм бгъэдэсу. Узыншэу, тшхынрэ тщыгъынрэ дыщимыгъащIэу дыкъигъэтэджащ, къулейсызыгъэм дыщихъумащ. Сыт хуэдизу гугъу ехьми, ди анэр бынхэм къытхуэгуапэт, къытху эгумащIэт, дигу фIы къытхуищIыырт, нэхъыфIкIэ дигъэгугъэрт. БлэкIащ илъэсхэр. Ди анэр къыдэгугъуурэ, и бынхэр дригъэджащ, IэщIагъэ, унагъуэ хьарзынэ дигъэгъуэтащ. Сэ, псалъэм папщIэ, си щIэныгъэм хэзгъахъуэурэ, профессор сыхъуащ. Си къуэшхэм я зыр дохутырщ, адрейр бухгалтеру банкышхуэ гуэрым щолажьэ, си шыпхъур, бынхэм ди нэхъыщIэ дыдэр, архитектор цIэрыIуэщ!»

Пэшышхуэр Iэгуауэ лъэщым игъэзэджызджащ. Зи текIуэныгъэр ягъэлъапIэ бзылъхугъэм и къуэ курытми жиIащ: «Сэ си IэщIагъэкIэ сыдохутырщ, си анэм и узыншагъэм сыху эсакъыну си боршу. Ауэ гъащIэм къытпигъаплъэу къыщIэкIащ нэгъуэщI гъэунэхуныгъи. Сымаджэ сыкъэхъури, си жьэжьеитIым я зыр ямыхъуэжу зэрымыхъунур дохутырхэм къыджаIащ. Ину къэгуззват ди унагъуэм щыщ дэтхэнэри. Псори хьэзыру къыщIэкIащ я жьэжьейхэм языхэзыр тыгъэ къысху ащIыну. А мурадыр яIэу, дохутырхэр зрагъэплъу щIадзащ.

Медицинэ къэхутэныгъэхэм къызэрагъэлъэгъуамкIэ, си анэрат къыздэIэпыкъуфынур. Ар, дауи, къикIуэтакъым. Операцэхэр хьарзынэу зэфIэкIри, Алыхьым и фIыщIэкIэ дыкъызэфIэувэжащ. Апхуэдэ щIыкIэкIэ си анэр тIэунейрэ гъащIэкIэ къысхуэупсащ. Ар сэ зэи схуэмыпшыныжынщ!»

Пэшышхуэм щIэсхэм щIэрыщIэу Iэгуауэр къаIэтащ. Къэзыухъуреихьауэ къыхуэгуфIэ и бынхэм яхэплъэурэ, анэ гумащIэм и нэпсхэр къыфIыщIэжащ.

«Муслъымэн ныбжьыщIэ» тхылъым къитхыжащ.

● Гъуазэ

Жьым щытхъуи, щIэр къыхэх

Щапхъэ зыкъом щыIэщ чыристанхэм муслъымэныгъэр къызэрыхахым теухуауэ. Апхуэдэ цIыхухэм, диным и лэжьакIуэхэм ящыщт Тимухин Сергей, лютеран пастору щытар. И диныр зэрихъуэжам, муслъымэныгъэр къыщIыхихам теухуауэ абы жеIэ:

- СЭ СЫКЪЫЩЫХЪУАЩ Кемеровэ областым щыIэ Беловэ къалэм. Курыт еджапIэр къэзухри, диным пыщIа тхыгъэхэр щIэздзыкIыу щIэздзащ. Инджылызыбзэр фIыуэ зэзгъащIэри, чыристан IуэхущIапIэхэм, тхьэелъэIупIэхэм сыщылажьэу, дерсхэр щысту сыкъэгъэгугъыкIуэурэ, Беловэ храмым и унафэщIыр къыздэIэпыкъури, Кемеровэ дэт православнэ институтым сыщIэтIысхьащ. А еджапIэр фIы дыдэу къэзуха нэужь, япэ щIыкIэ дьякон, нэхъ иужьыIуэкIэ священник лэжьыгъэхэр пщэрылъ сщащIащ.

Хьарзынэу си гъащIэр зэтеува хуэдэт. Унагъуэ сыхъуат, цIыхухэм пщIэ къысхуащIырт. Сыдехьэхри, щIызоджыкI тхыдэм пыщIа тхылъхэр, таурыхъхэр, хъыбархэр. Гу лъызотэ чыристан хабзэхэр (жорхэм, тхьэнапэхэм захуэгъэщIхъыныр) мажусиигъэм зэрыщыщым. Шэч сощI гъуэгу захуэ сытемыувакIэ. Лютеранхэм сахохьэ. Экзамен сагъэтри, къулыкъу нэхъыщхьэхэм ящыщ зы Екатеринбург къыщызат.

Зэманыр екIуэкIыурэ, нэхъри кууэ зыхызощIэ «троицэ» жыхуаIэри пэжым зэрыпэIэщIэр, ари пасэрей хабзэжьхэм къазэрыхэкIар. Гу лъызотэ Инджылым а псалъэр зэрыхэмытыххэм. Согупсысэ, зэрыхъуари сымыщIэу, сукIытэу икIи сышынэурэ, муслъымэныгъэм щыгъуазэ зыхузощI. СогъэщIагъуэ сызэджэ тхылъхэм ярытхэр, къызощIэ куэд щIауэ сызыгъэпIейтIейт упщIэ куэдым я жэуапхэр.

Си щхьэгъусэмрэ сэрэ, зыкъомрэ дызэчэнджэща нэужь, Екатеринбург дэт мэжджытым дыкIуэу, нэмэз щытщIу щIыдодзэ.

КIэщI дыдэу къэсIуатэми, тыншу икIи щIэх дыдэу къыдэхъулIакъым муслъымэн дыхъуныр. Ауэ нобэ дигухэр мамырщ, ди Iиманыр быдэщ, жыджэруи зэщхьэгъусэхэр Алыхь Иным дыхуолажьэ.

Беловэ къалэм дгъэзэжауэ дыщопсэу. Си цIэр зэсхъуэкIащ Iэбдул-ХьакъкIэ. Алыхьыр хьэкъщ (шэч зыхэмылъщ), фIыщIэри щытхъури Абы хузощI дин пэжым сызэрыхуишам папщIэ.

ТИМУХИН Iэбдул-Хьакъ.
«Ислъамыр къыхэзыха цIыху цIэрыIуэхэр» тхылъым къыхэтхащ.

● ХъутIбэ

Хуитыныгъэмрэ хэгъэзыхьымрэ

Бегъымбархэращ Алыхьым дыхуэзышэ гъуэгу тэмэмым щыуагъэншэу ирикIуэфыр. Ауэ а гъуэгум цIыхухэр трашэн щхьэкIэ, абыхэм хэгъэзыхьыр ядакъым. Ядакъым, псалъэм папщIэ IэкIэ хэбгъэзыхьыныр. Алыхьым жиIащ: «Фи Iэхэр вгъэбэяуи (зэуэныр щывгъэти), нэмэз фщIы» (Сурэ 4, Iэят 77). А гупсысэр цIыхухэм хапщэн папщIэ бегъымбархэм къару къагъэсэбэпакъым. Езы бегъымбархэм зыхуей дыдэр жаIащ, апхуэдэ хуитыныгъэр нэгъуэщIхэми иратащ.

Ди бегъымбар лъапIэм яжриIэрт Ясырхэ я унагъуэм щыщхэм: «Уэ Ясырхэ, зыфшыIэ, жэнэтыр къыфпоплъэ». Ясыр и къуэ Гъумарыр къыхуриджакъым илъ зэрищIэжыным (муслъымэн зэрыхъуам папщIэ, и адэ-анэр, шым кIэращIэри, зэкIэщIатхъат). Алыхьым КъурIэн Iущым къыщигъэлъэгъуащ бегъымбархэм гугъуехь щыхэхуэкIэ жаIэу щытар: «...Дэ тшэчынущ фэ къыдэфщIэр» (Сурэ 14, Iэят 12).

Сыт хуэдиз мыхъумыщIагъэ ухэхуэми, уи Iэр къыумыIэтмэ, укъимытIэтIмэ, зыпшыIэмэ, шэч хэмылъу, уи жыIэм нэхъ къару иIэнущ. Аращ КъурIэнми дызыхуиущийр: «ФIыцIагъэ зыхуигъэкIуахэм псалъэ быдэ яIихащ Алыхьым, ар (ФIыцIагъэр) цIыхухэм хуагъэнэIуэну, ямыбзыщIыну. Ауэ абыхэм ар (я псалъэр) IэщIыб ящIри, пуду ящащ. Гъуамэщ абыхэм къащэхуар (Сурэ 3, Iэят 187).

КъурIэн Iущым трегъэчыныхь пэжыр убзыщI зэрымыхъунум, ауэ мы Iуэхум хэгъэзыхь хэлъхьапхъэу къилъытэркъым. Ар ящогъупщэ динымкIэ узэщIакIуэу зызылъытэж языныкъуэхэм: цIыхум и хуитыныгъэм пщIэ хуамыщIу, диныр къарукIэ, залымыгъэкIэ нэгъуэщIхэм ирагъэдэну хэтщ. Уеблэмэ, езыхэм хуэдэу мыгупсысэхэр, къакъуэмыувэхэр диным и цIэкIэ укIын хуейуэ зыфIэкъабылхэри щыIэщ. Ахэр егупсысыркъым зэрыкъуаншэм, пасэрей джаурхэм я гъуэгум зэрытехьэм.

Къэбгъэлъагъуэмэ, Фирхьэунрэ и блыгущIэтхэмрэ Муса бегъымбарыр яукIыну щIыхуежьар абы мыхъун гуэр ищIауэ аратэкъым. Зы закъуэт дагъуэр - Алыхьыр и фIэщ зэрыхъурт. Абы щыхьэту тоувэ зи Iиманыр зыущэху гуэрым жиIэгъар: «АтIэ си Тхьэр Алыхьращ зэрыжиIэм щхьэкIэ фукIыну?» (Сурэ 40, Iэят 28).

Аращ Билали (азэнджакIуэ цIэрыIуэр) гугъу щIрагъэхьар. Сыт хуэдиз хьэзаб къытралъхьами, муслъымэнхэм яшэчащ лIыгъэ яхэлъу. Зы джаури яукIакъым. Аращ гъуэгу захуэм утезышэнури - бэшэчагъырщ, тэмакъкIыхьагъырщ, цIыхуфIагъырщ.

Бегъымбархэм дэтхэнэ цIыхури я щхьэм иралъытырт, нэгъуэщIхэм къыпакIухьырт, хуагъэгъурт, худачыхырт, IуэхуфI лэжьынымкIэ куэдым хьэрхуэрэгъу яхуэхъурт. Абыхэм фIыуэ къагурыIуэрт хэгъэзыхькIэ сыт хуэдэ Iуэхури зэфIэхын зэрыхуэмейр, IейкIэ къапэувхэми дахэкIэ ядэгъуэгурыкIуэрт, Алыхьым зыхуиущийм тетурэ.

ЩапхъэфIщ сыт и лъэныкъуэкIи Хьудебия зэгурыIуэныгъэр. Абы къыпэкIуащ муслъымэнхэм я текIуэныгъэр. Сыт щхьэкIэ? Мухьэмэд бегъымбарыр и ныкъуэкъуэгъухэм нэхъыфIкIэ яхуэупсащ, абы зауэ-банэр игъэувыIэри, дэтхэнэри хуит ищIащ, хэгъэзыхь хэмылъу, зыхуей гупсысэр (диныр) иIыгъыну. Апхуэдэу щIищIар и диныр зэрыпэжыр, цIыхухэм дапщэщи хуитыныгъэ яIэн зэрыхуейр и фIэщ хъурти аращ. Ауэ нобэ муслъымэнхэм ящыщ гуэрхэм я диным и пэжагъыр, и быдагъэр къагурыIуэжыркъым, дахэкIэ цIыхухэм епсэлъэныр гунэс ящымыхъуу, лIыгъэкIэ, зауэ-банэкIэ зыхуейр кърагъэщIэну хэтщ.

Мы Iуэхугъуэм тхыдэтххэр, диныр фIыуэ зыщIэхэр нэхъыбэрэ тепсэлъыхьыну, тетхыхьыну къатохуэ. Абыхэм къагурыIуапхъэт мыпIащIэу, дахэкIэ, акъылкIэ мылажьэмэ, я мурадхэр къазэремыхъулIэнур. Сыхуейщ фигу къэзгъэкIыжыну Мухьэмэд бегъымбарым и ныкъуэкъуэгъуу щытахэр зэрыунэхъуар. Нэрылъагъукъэ Совет къэралыгъуэшхуэу щытами Алыхьым къриащIар - игъэлъэлъащ, бий нэрылъагъу къемызауэу, ар зыгъэлъэлъар езым хэлъащ: «... Уи Тхьэм и зауэлIхэри, Езым нэмыщI, зыми ищIэркъым» (Сурэ 74, Iэят 31). «Апхуэдэущ уи Тхьэм и IэбэкIэр. Жылэ залымхэр щызэщIикъуэжкIэ, Абы и IэбэкIэр гуащIэщ, лъэщщ» (Сурэ 11, Iэят 102).

ХЪУАЖЬ Мухьэмэд-Хьер,
Кэнжэ къуажэм и Iимам.

НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар ТХЬЭМОКЪУЭ Барэсбийщ.

● УпщIэхэмрэ жэуапхэмрэ

Сыт Алыхьым «дэ» щIыжиIэр?

«Ислъамым и нурым» къагъэхь упщIэхэм ящыщ гуэрхэм жэуап ярет Кавказ Ищхъэрэ ислъам университетым и егъэджакIуэ Щхьэныкъуэ Анзор.

- Андезыншэу КъурIэн уеджэ хъуну?

- Iэбу Дауд, хьэдисхэмкIэ щIэныгъэлIым, зэрыжиIамкIэ, хъунущ, джэнабыр хэмытмэ (зыгъэпскIыжын хуэмеймэ). Ауэ «хъунукъым» жызыIэхэри щыIэщ.

- КъурIэн ебгъаджэм пщIэ къеIыпх хъуну?

- Еджагъэшхуэхэм я нэхъыбэм зэрыжаIэмкIэ, фIыцIагъэ лъапIэм къеджэфу хуэбгъасэ цIыхум пщIэ къеIыпхыну ухуитщ. АбыкIэ тегъэщIапIэ мэхъу мы хьэдисыр: «ПщIэ къызыщIэфхыну щыIэм я нэхъапэр Алыхьым и Тхылъырщ».

- Алыхьыр КъурIэным куэд бжыгъэм иту щхьэ къыщыкIуа?

- КъурIэн лъапIэр къызэрехар хьэрыпыбзэщ. Абы къыщагъэсэбэп псэлъэкIэщ зыр куэд бжыгъэм иту къыжыIэныр. А IэмалымкIэ Тхьэм къыхегъэщ и зэфIэкIыр зэрыиныр, зэрыдахэр, ауэ Закъуэу, Лъагэу икIи ЛъапIэу зэрыщытыр.

Узбекистаным и къалэ Самарканд дэт мыдрисэхэм ящыщ зырщ.



● Фи лъэIукIэ

Гъатхэпэм и нэмэз щIыгъуэхэр

Махуэхэр	Пщэддджыжьыр	Дыгъэр къыщыщIэкIыр	Шэджагъуэр	Ичындыр	Ахъшэмыр	Жасыр
1, щэбэт	5.12	6.42	12.28	15.31	17.55	19.34
2, тхьэмахуэ	5.10	6.41	12.28	15.32	17.56	19.35
3, блыщхьэ	5.08	6.39	12.28	15.34	17.57	19.37
4, гъубж	5.07	6.37	12.28	15.35	17.58	19.38
5, бэрэжьей	5.05	6.36	12.27	15.36	18.00	19.39
6, махуэку	5.03	6.34	12.27	15.37	18.01	19.41
7, мэрем	5.02	6.32	12.27	15.37	18.02	19.42
8, щэбэт	5.00	6.30	12.27	15.38	18.04	19.43
9, тхьэмахуэ	4.58	6.29	12.26	15.39	18.05	19.44
10, блыщхьэ	4.56	6.27	12.26	15.40	18.06	19.46
11, гъубж	4.55	6.25	12.26	15.41	18.07	19.47
12, бэрэжьей	4.53	6.23	12.26	15.41	18.09	19.48
13, махуэку	4.51	6.21	12.25	15.42	18.10	19.49
14, мэрем	4.49	6.20	12.25	15.43	18.11	19.50
15, щэбэт	4.47	6.18	12.25	15.43	18.12	19.52
16, тхьэмахуэ	4.46	6.16	12.24	15.44	18.13	19.53
17, блыщхьэ	4.44	6.14	12.24	15.45	18.15	19.54
18, гъубж	4.42	6.12	12.24	15.46	18.16	19.55
19, бэрэжьей	4.40	6.11	12.24	15.46	18.17	19.57
20, махуэку	4.38	6.09	12.23	15.47	18.18	19.58
21, мэрем	4.37	6.07	12.23	15.47	18.19	19.59
22, щэбэт	4.35	6.05	12.23	15.48	18.21	20.00
23, тхьэмахуэ	4.33	6.03	12.22	15.49	18.22	20.01
24, блыщхьэ	4.31	6.02	12.22	15.49	18.23	20.03
25, гъубж	4.29	6.00	12.22	15.50	18.24	20.04
26, бэрэжьей	4.28	5.58	12.21	15.51	18.25	20.05
27, махуэку	4.26	5.56	12.21	15.51	18.27	20.06
28, мэрем	4.24	5.54	12.21	15.52	18.28	20.07
29, щэбэт	4.22	5.53	12.21	15.52	18.29	20.09
30, тхьэмахуэ	5.20	6.51	13.20	16.53	19.30	21.10
31, блыщхьэ	5.19	6.49	13.20	16.53	19.31	21.11

Къэбэрдей-Балъкъэрым и муслъымэнхэм я IуэхущIапIэм къыдитащ.

«Адыгэ псалъэ» газетым и редакцэм и лэжьакIуэхэр газетым и корреспондент **КIэбышэ Лилэ Мыхьэмэтджэрий и пхъум** хуогузавэ абы и шыпхъу **Бэлагъы Лидэ** зэрылIам къыхэкIыу.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

ЖьакIэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Ширдий Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Гъурыжь Мадинэ (жэуап зыхь секретарь), Жылакъ Маритэ, Лъостэн Музэ, Ныбжь Таисэ, Уэрдокъуэ Жансурэт, Хьэжькъарэ Алик, Шал Мухьэмэд.

ДИ ХЭЩIАПIЭР



360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 5, ебгъуанэ-епщIанэ къатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхухэмрэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 42-63-64, 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IуэхущIапIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ жэуап яхь авторхэм. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыным и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ почт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм. Тел.: 42-06-51, 42-19-59.

Газетыр щIыныжымкIэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

КъБР-м ЩэнхабзэмрэхьибарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ и министерствэм 1905 гъэм щыIа Революцэм и цIэр зезыхь и полиграфкомбинат, Налшык къ., Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, телефоныр 42-35-75.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ ДыщэкI Соня, редактору ЩхьэщэмыщI Изэ, корректорхэу Афэ Тамарэ *(4,5,6-нэ нап.)*, ПхытIыкI Юрэ *(1,2,3-нэ нап.)*, корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу Иуан Занрэ. *КомпьютеркIэ гъэпэщакIуэр ящIащ:* Дол Маринэ, ГъукIэл Раe, Щомахуэ Маринэ, *сурэтыщI* Бищу Жаннэ.

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ тедзэн хуейщ сыхьэт 20.00-м. Щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 10.095 ● Заказ №790